मोरा रे सनततिया[6] के साध[7], सनतति हम चाहिले[8] हो ॥ ३ ॥

गंगा का किनारा बहुत ऊँचा है। उस पर चढ़ने से डर मालूम होता है। कौशिल्या उसी किनारे पर चढ़कर अपनी मुक्ति बनाने के लिये नहाने चली ॥१॥

गंगाजी ने हँस कर कौशिल्या से कहा कि तुम पर कौन सी विपत्ति आ पड़ी है जिससे तुम अपनी मुक्ति बनाने के लिये स्नान कर रही हो ॥ २ ॥

कौशिल्या ने उत्तर दिया कि ऐ गंगाजी मुझे सोना की आवश्यकता नहीं है। चाँदी की तो चर्चा ही नहीं भला उसे कौन पूछता है। मुझे पुत्र की इच्छा है; वही मैं चाहती हूँ ॥ ३ ॥

---

[1]किनारा। [2]लगता है। [3]मुक्ति। [4]पड़ा है। [5]चाँदी। [6]सन्तति (पुत्र)। [7]इच्छा। [8]चाहती हूँ।

सन्दर्भ—सीता का बनवास, उनका विलाप तथा जंगल में पुत्र-जन्म ।

(७)

राम अवरु लछुमन भइया, आरे एकली[1] बहिनियाँ हइहों की ।
ए जीव राम जी बइठेले जेवनरवा[2], बहिन लइया[3] लावेरे की ॥ १ ॥
ए भइया! भऊजी के द ना[4] बन बासवा, जिनि रावना[5] उरेहेले[6] की ॥२॥
जिनि सीता भूखा के भोजन देली, आरे नांगा[7] के बहतरवा[8] हो की ।
से हो सीता गहुँवा[9] रे आसापति, कइसे बनवासबि हो की ॥ ३ ॥
मोरा पिछुवारावा कहरवाँ भइया, बेगे चलि आवहु हो की ।
भइया सीता जोगे डँडिया[10] रे फानाव[11]; सीता के बन पहुँचावहु हो की॥४
रोवेलि सीता देई अछन कइ, अवरु बीछन[12] कई हो की ।
ए जीव के मोरा आगावाँ से पाछावाँ, लटवा[13] खोली नु हो की ॥५॥
बन में से निकले बनसपति[14] आरे सीता समुझावेले रे की ।
ए सीता हम तोहरा आगावाँ से पाछावा, लटवा खोलबि हो की ॥ ६ ॥
कुसवा[15] ओढ़न कुस डासन[16], बनफल भोजन हो की ।
ए जीव कुसवे के हाजामा[17] रे बनवलों, लोचन[18] पहुँचावेला हो की ॥७
पहिल लोचन राजा दसरथ, तब कोसिला रानी हो ।
तीसरे लोचन लछुमन देवर, रमइया[19] जनि सुनसु हो ॥ ८ ॥
चारु चउखंड के पोखरवा, चुने[20] चुनवटल हो ।
ताहि चढ़ि राम करे दतुवनि, नउवा[21] लोचन लेले जाला नु हो ॥ ६ ॥
काहावा[22] के हव तुहु हजमा, काहा रे तुहु जाल नु हो ।
ए जीव केकरा भइले नन्दलाल; लोचन लेके जाल नु हो ॥ १० ॥

---

[1]अकेली । [2]भोजन । [3]मिथ्यारोप । [4]दे दो । [5]रावण । [6]चित्र बनाती है । [7]नंगा । [8]वस्त्र । [9]अधिक । [10]पालकी । [11]चढ़ाओ । [12]ज़ोर से रोना । [13]बाल । [14]बन देवता । [15]कुश । [16]बिछौना । [17]नाई । [18]सन्देश, । [19]राम । [20]चूना । [21]नाई । [22]कहाँ से ।

बन ही के हम इइ हाजामा; अजोध्या कहले जाइले हो।
ए जीव सीता के भइले नन्दलाल; लोचन लेके जाइले हो ॥११॥
पहिले लोचन राजा दसरथ; तब त कोसिला रानी हो।
ए जीव तीसरे लोचन लछुमन देवर, राम जनि सुनसु हो ॥१२॥
राजा दसरथ चढ़न के घोड़वा; कोसिला रानी आभरन[1] हो।
ए जीव लछुमन दुनो काने सोनवा; नउवा रहसि[2] घर जावहु हो ॥१३॥
चिठिया लिखेले राजा रामचन्द्र, देहु तुहु सीता के हाथ में हो।
ए जीव सब कुछ अवगुनवा सीता अब बकससु[3] हो ॥ १४ ॥
इहो सूल[4] रहिते ससुर के, अवरु भसुर जी के हो।
ए जीव इहो सूलवा सालता[5] रे करेजवा, अजोध्या कइसे जाइबि हो ॥१५॥

राम और लक्ष्मण दो भाई हैं और उनकी अकेली एक ही बहिन है। जब राम भोजन करने के लिये बैठते हैं तब बहिन सीता पर अनेक झूठी बातें कह कर मिथ्यारोप लगाती है ॥ १ ॥

बहिन ने कहा कि ऐ भाई ! भावज (सीता) को बनवास दे दो क्योंकि यह पर-पुरुष रावण का चित्र बना रही थी ॥ २ ॥

इस पर राम ने उत्तर दिया कि जो सीता भूखे को भोजन तथा नंगे को वस्त्र देती है; जो सीता गर्भवती है, उसे मैं बनवास कैसे दे सकता हूँ ॥ ३ ॥

परन्तु बहिन ने राम को सीता को बनवास दिलाने के लिये तैयार कर लिया और वह कहती है कि ऐ मेरे घर के पीछे रहने वाले कहार ! तुम लोग शीघ्र चले आओ और पालकी पर चढ़ा कर सीता को बन में पहुँचा आओ ॥४॥

यह समाचार सुन बेचारी सीता बड़े जोरों से करुण क्रन्दन करने लगी और कहने लगी कि अब कौन मेरे बालों को खोलेगा (और उनका प्रसाधन करेगा) ॥ ५ ॥

जब सीता बन में पहुँचीं तब बन-देवी बन में से निकल कर सीता को समझाते कहने लगी कि ऐ सीता ! मैं तुम्हारे बालों को खोलूँगी ॥ ६ ॥

---

[1]आभूषण। [2]आनन्द से। [3]क्षमा कर दो। [4]दुःख। [5]कष्ट देता है।

सीता ने कुश (घास विशेष) का ही ओढ़ना तथा कुश का ही बिछौना बनाया। बन के फलों को भोजन करने लगी। उसने कुश का ही एक नाई बनाया और उसे अपना सन्देश पहुँचाने के लिये अयोध्या भेजा ॥ ७ ॥

सीता ने उस सन्देश-वाहक से कहा कि इस सन्देश को पहिले राजा दशरथ सुनें, फिर रानी कौशिल्या सुनें, फिर लक्ष्मण। परन्तु राम को यह सन्देश बिल्कुल मत सुनाना ॥ ८ ॥

एक बहुत बड़े, चौड़े तालाब के किनारे के मकान के ऊपर जो चूने से पुता हुआ था—रामचन्द्रजी दतौन कर रहे थे। नाई उस समय सन्देश लिये हुए जा रहा था ॥ ९ ॥

रामचन्द्र ने उससे पूछा कि ऐ नाई! तुम कहाँ से आये हो और कहाँ जाओगे। किसको पुत्र हुआ है? जिसका सन्देश तुम लेकर जा रहे हो ॥ १० ॥

नाई ने उत्तर दिया कि मैं बन में से आ रहा हूँ और अयोध्या जा रहा हूँ। सीताजी को पुत्र हुआ है। वही सन्देश लेकर मैं अयोध्या को जा रहा हूँ ॥ ११ ॥

मैं इस सन्देश को पहिले राजा दशरथ को सुनाऊँगा, फिर रानी कौशिल्या को, फिर लक्ष्मण को। परन्तु राम को मैं यह सन्देश नहीं सुना सकता ॥ १२ ॥

जब नाई ने यह सन्देश राजा दशरथ को सुनाया तो प्रसन्न होकर उन्होंने चढ़ने के लिए नाई को एक घोड़ा दिया। रानी कौशिल्या ने आभूषण दिये तथा लक्ष्मण ने दोनों कानों का सोना अर्थात् कुण्डल दिया। नाई इन सब सामान को लेकर प्रसन्न होकर बन को चला गया ॥ १३ ॥

जब नाई बन को लौटने लगा तब रामचन्द्र ने उसको एक पत्र दिया और कहा कि इसे सीता के हाथों में दे देना तथा मेरी ओर से यह कहना कि सीता मेरे सब दोषों को क्षमा कर दे ॥ १४ ॥

नाई ने सीता से राम का सन्देश कहा तब सीता ने उत्तर दिया कि राम का दिया हुआ बनवास रूपी कष्ट मेरे हृदय को बेध रहा है। मैं भला अयोध्या कैसे लौट सकती हूँ ॥ १५ ॥

इस गीत में जिस घटना का वर्णन किया गया है वह ऐतिहासिक दृष्टि से

अत्यन्त अशुद्ध है। सीता का वनवास राम की बहिन (शान्ता) के कुचक्र के कारण नहीं हुआ था बल्कि एक धोबी के अपवाद के कारण हुआ था। सीता के द्वारा पुत्र-जन्म का सन्देश भेजना भी ऐतिहासिक तथ्य के विरुद्ध है। अतः यहाँ राम एवं सीता का अर्थ किसी साधारण व्यक्ति से समझना चाहिए; दशरथ के पुत्र और पुत्र-वधू से नहीं।

सन्दर्भ—पुत्र-जन्म के लिए स्त्री की प्रबल-कामना

(८)

तर बहे गंगा से जमुना उपर मधु पीपरि[1] हो।
की ए जीव ताहावाँ बसेलें[2] राजा ठाकुर पुतरी[3] उरेहेलें हो॥ १॥
मोरा पिछुवारावा पड़ित भइया वेगे चलि आवहु हो।
ए भइया का विधि लिखल लिलार सँतति नाहि पाइले हो॥ २॥
नइ पोथी खोलले पुरानी पोथी खोलले, करम बाँचि[4] दिहलनि हो।
ए रानि नाहि विधि लिखले लिलार[5] सँतति[6] नाहि मिलेला[7] हो॥३॥

कोई स्त्री पुत्र न होने के कारण से दुःखी है। वह कहती है कि नीचे गंगा बहती हैं और उसके पास ही यमुना बहती है। वहाँ एक मधुर पीपल का पेड़ है। वहीं मेरा पति रहता है तथा चित्र बनाया करता है॥ १॥

स्त्री ने कहा कि ऐ मेरे घर के पीछे रहने वाले पण्डित जी तुम शीघ्र चले आओ और देखो कि ब्रह्मा ने मेरे ललाट में सन्तति (पुत्र) का होना लिखा है या नहीं॥ २॥

पण्डित जी आये और नई तथा पुरानी पुस्तकों को खोल कर देखा। उस स्त्री की कर्म-रेखा को पढ़ा और कहा कि हे स्त्री ब्रह्मा ने तुम्हारे लिलार में पुत्र का योग नहीं लिखा है अतएव तुम्हें पुत्र पैदा नहीं हो सकता॥ ३॥

प्राचीन काल से ही पुत्र का पैदा होना बहुत बड़े सौभाग्य तथा उत्सव का अवसर समझा जाता है। हमारे षोड़श संस्कारों में 'पुंसवन' संस्कार एक बड़ा

---

[1]पीपल। [2]रहता है। [3]चित्र। [4]पढ़कर के। [5]ललाट। [6]सन्तति (पुत्र)। [7]मिलेगा।

संस्कार समझा जाता था। यह संस्कार इसलिये किया जाता था कि होने वाली सन्तान पुत्र ही हो, पुत्री नहीं। पुत्र का होना यहाँ तक आवश्यक समझा जाता था कि शास्त्रकारों ने विधान कर दिया कि "अपुत्रस्य गतिर्नास्ति"। यह भावना देहातों में अब भी दृढ़मूल है। अतएव पुत्रहीन स्त्रियों की चिन्ता का अनुमान सहज ही में किया जा सकता है। इस गीत की स्त्री पुत्राभाव से इसीलिये इतनी व्याकुल है।

सन्दर्भ—पुत्र-जन्म

(९)

घर घर फिरेले नउनिया[1] त अवरु बरीनिया[2] नु ए।
ए रानि आजु मोरा राम जनमिहें भरतजी के तीलक ए ॥ १ ॥
ओबरीनी[3] झगड़ेले धगड़िनिया, दुअरिया पर नाउनि ए।
ए रानि हम लेबों राम ओढ़निया[4], तबहिं नोह[5] टुँगबि[6] ए ॥ २ ॥

कोई स्त्री कहती है कि मेरे घर घर में नाउनि (नाई की स्त्री) और बारी (कहार) की स्त्री घूम रही हैं। वे कहती हैं कि ऐ रानी आज मेरे इस घर में राम (पुत्र) पैदा होगा और भरत (दूसरे पुत्र) का तिलक होगा ॥ १ ॥

धाय (दाई) घर में अपना पुरस्कार लेने के लिये झगड़ा कर रही है और दरवाज़े पर नाई की स्त्री बैठी है। वह कहती है कि ऐ रानी मैं पुत्र जन्म के पुरस्कार स्वरूप ओढ़ने के लिये चादर लूँगी, तभी तुम्हारे नख को काटूँगी ॥ २ ॥

सन्दर्भ—पुत्र-जन्मोत्सव का विशद वर्णन

(१०)

बाजन बाजेला बनहि बीखे[7], अजोधा में तड़पेला[8] हो।
लालाना असीहि कोस हो अजोधा, सबद[9] कानावा परि जइहे हो ॥१॥

---

[1]नाई की स्त्री। [2]बारी की स्त्री। [3]घर में। [4]चादर। [5]नख। [6]काटूँगी। [7]मध्य में। [8]दुःखी होते हैं। [9]शब्द।

हकर[1] अजोधा के कँहारा[2] वेगहि चलि आवसु हो।
काहारा सीता जोगे डँड़िया फानाव, अजोधा पहुँचावहु हो ॥ २ ॥
हथिया ना देखों हथिसारावाँ[3], भइसि डील डावर[4] हो।
ललाना गोऊ ना देखो गोऊसालावा[5], अजोधा हमारा लुटि गइले हो ॥३॥
हथिया त देखों वभन[6] दान, भइसि भटन[7] दान हो।
ललना गइया[8] भइल साधु दान, गोविन[9] का जनम भइले हो ॥ ४ ॥
काकाना[10] ना देखिले लुलुहि[11] वीखे, दुलरी[12] गलही[13] वीखे हो।
ललना मोतिया ना देखो सिर माँग, अजोधा लुटि गइले हो ॥ ५ ॥
काकाना ननद दान कइली, दुलरी कइली सासु दान हो।
राम धन, धान लुटवले, उछाह[14] संतति भइले[15] हो ॥६॥

सीता को वाल्मिकि के आश्रम में पुत्र रत्न उत्पन्न हुए हैं। उसी समय का यह वर्णन है। सीता के पुत्र होने के कारण से बन में बाजा बज रहा है परन्तु अयोध्या के लोग उस उत्सव में सम्मिलित न हो सकने के कारण से दुःखी हो रहे हैं। सीता जी कहती हैं कि अयोध्या यहाँ से अस्सी कोस है। शायद ही वहाँ के लोगों के कान में यह आवाज़ पड़े ॥ १ ॥

कोई सखी कहती है कि अयोध्या से कहारों को शीघ्र ही बुलाओ। ऐ कहार ! सीता को पालकी में बैठा लो और शीघ्र अयोध्या पहुँचा दो ॥ २ ॥

जब सीता अयोध्या को लौट रही हैं तो वह कहती हैं कि हस्तिशाला में मैं हाथी नहीं देखती हूँ। गोशाला में गाय और भैंस को नहीं देख रही हूँ। मालूम होता है कि हमारी अयोध्या लुट गई हो ॥ ३ ॥

हाथी तो ब्राह्मन को, भैंस भाटों को तथा गाय साधुओं को दान में दे दी गई हैं क्योंकि मेरे पुत्र पैदा हुए हैं ॥ ४ ॥

घर की स्त्रियों के हाथ में न तो कंकण दिखाई पड़ता है और न गले में

---

[1]बुलाओ। [2]ढोने, वाले। [3]हस्तिशाला। [4]निवास स्थान। [5]गोशाला। [6]ब्राह्मण। [7]भाट (भट्ट)। [8]गाय। [9]पुत्र। [10]कंकण। [11]हाथ। [12]हार। [13]गला। [14]आनन्द। [15]हुआ है।

हार ही। सिर के मांग में पिरोये हुए मोती भी नहीं दीखते हैं। हमारी अयोध्या लुट गई है ॥ ५ ॥

हमारी ननद ने कंकण और सास ने हार दान कर दिया है। राम ने पुत्र-जन्म के आनन्द तथा उत्सव में अपना धन तथा धान्य सब गरीबों को दान देकर लुटा दिया है ॥ ६ ॥

इस गीत में पुत्र-जन्म के उत्सव के उछाह का बड़ा ही सुन्दर चित्र खींचा गया है। इस उत्सव में जिसे जो वस्तु प्यारी है उसे ही लुटा रहा है। पुत्र के पिता ने तो अपना धन, धान्य ही लुटा दिया। आजकल भी पुत्र-जन्म के अवसर पर अनेक दान-पुण्य तथा उत्सव मनाये जाते हैं। दिलीप को तो इस अवसर पर तीन को छोड़ चौथी कोई वस्तु भी "अदेय" नहीं थी।

"जनाय शुद्धान्तचराय शंसते, कुमार जन्मामृतसंमिताक्षरम्।
अदेयमासीत्त्रयमेव भूपतेः; शशिप्रभं छत्रमुभे च चामरे ॥"

सन्दर्भ—पुत्र-जन्म के पहिले स्वप्न-दर्शन विचार

(११)

सुतल रहलों रे अटरिया, सपन एक देखिले हो।
आरे हाइ रे सासु सपनवा के कारन बोचार, सपन एक देखिला हो ॥१
गइया के देखलों बछरुआ[1] संगे, बाभाना[2] जनेउवा[3] संगे हो।
कि हाइ रे सासु आँगाना में देखलों रे कलसवा[4], त अमवा घवद[5] फरे हो॥२
गइया त हवे लछिमिया[6], त बाभाना नारायन हो।
हाइ रे बहुआ कलसवा त तोरे एहवात[7], त अमवा सँतति हवे[8] रे ॥३

कोई बधू अपनी सास से कह रही है कि मैं अटारी पर सो रही थी। उसी समय मैंने एक सपना देखा। ऐ सास! मेरे सपने के फल का तुम विचार करो ॥१॥

मैंने गाय को अपने बच्चे के साथ, ब्राह्मण को जनेऊ के साथ देखा। मैंने आँगन में घड़े को रक्खा हुआ तथा आम को खूब फलते हुए देखा है ॥ २ ॥

सास ने सपने के फल का विचार करके कहा कि ऐ बहू! गाय लक्ष्मी है,

---

[1]बछड़ा। [2]ब्राह्मण। [3]यज्ञोपवीत। [4]कलश। [5]प्रचुर। [6]लक्ष्मी। [7]सौभाग्य। [8]है।

ब्राह्मण नारायण हैं, आँगन में रक्खा हुआ कलश तुम्हारा सौभाग्य है तथा आम पुत्र होने का लक्षण है ॥३॥

सन्दर्भ—पति के द्वारा छिपकर गर्भाधान करना

(१२)

माघ ही मास के चउथिया[1] बहुवा मोरी भूखेले हो।
ए ललना बहुवा चलेले असनान, त सासु नीरेखेले[2] हो ॥१॥
ए बहुवा कवना चेलिकवे[3] लोभइलु, गरभ रहि गइल रे।
पूत मोरा बसेला अजोध्या पतोहिया गाजा ओवरि रे ॥२॥
पूत रउरा बसेले अजोधा, पतोहिया गाजा ओवरि रे।
सासु भाँवारा[4] सरीखे ग्रासु अइले, गरभ रहि गइल रे। ॥३॥
मोरा पिछुवारावा पटहेरा[5] भइया, बेगे चलि आवहु रे।
भइया रेसम के जलिया[6] बीनि देहु, त भँवरा बाझाइबि[7] रे ॥४॥
घरी राति गइली पहर राति गइली, त भँवरा वझाइलेनि रे।
सासु चीन्हि[8] लेहु आपन बेटवना, कलंक जनि लावहु रे ॥५॥
ए बहुवा सापावा गोजरवा[9] लाँघी अइल बलइया[10] हमरा लागहु रे।
भल कइलु[11] ए बहुवा भल कइलु, बेटवा[12] बियइलु[13] नु रे ॥६॥

माघ के महीने में बधू ने करवा चौथ का व्रत किया था। अतएव वह उस दिन उपवास कर रही थी। जब वह स्नान करने के लिए चली तो सास ने उसे देखा ॥ १ ॥

कुछ दिनों के पश्चात् जब उस स्त्री को गर्भ रह गया तब सास ने उससे कहा कि तुम किस पर-पुरुष से फँस गयी हो, जिसके कारण तुम गर्भवती हो ? मेरा लड़का अयोध्या (परदेश) में रहता है ॥ २ ॥

इस पर बधू ने उत्तर दिया कि लड़का अयोध्या में रहता है और पतोहू

---

[1]चौथ। [2]देखती है। [3]परपुरुष। [4]भ्रमर। [5]गहना गूँथने वाला। [6]जाल। [7]फँसाऊँगी। [8]पहचानो। [9]कीड़ा। [10]निछावर। [11]अच्छा काम किया। [12]पुत्र। [13]पैदा किया।

घर में रहती है यह कथन ठीक है। परन्तु भ्रमर के समान छिपकर मेरा पति मेरे पास आया था। इसी कारण मुझे गर्भ रह गया है ॥ ३ ॥

बधू ने कहा कि ऐ मेरे घर के पीछे रहनेवाले पटहेरा (वह जाति जो गहना गूँथती है) भइया ! तुम जल्दी चले आओ। रेशम का एक जाल बुन कर मुझे दो। मैं एक भ्रमर (पति) को फँसाऊँगी ॥ ४ ॥

एक घड़ी रात गई; एक प्रहर रात बीत चली तब कहीं पति आया। स्त्री ने उसे अपनी बातों में फँसा लिया और सास से कहा कि अब तुम अपने बेटे को पहिचान लो तथा फिर मुझे कभी कलंक मत लगाओ ॥ ५ ॥

सास ने लज्जित होकर कहा कि मेरा लड़का रात्रि में साँप और गोजर को लाँघ कर आया होगा। मैं उसकी बलैया लेती हूँ। ऐ बधू ! तुमने अच्छा काम किया जिससे तुम्हें पुत्र पैदा हुआ ॥ ६ ॥

सन्दर्भ—स्त्री के प्रसव-कष्ट का वर्णन

(१२)

एके कोठरिया[1] में दूनो जना; दूनो जना केलि[2] करसू[3] रे।
आरे अंग अंग पीरवा[4] अँगइले[5]; केहु नाहि जागेला रे ॥१॥
आरे एक जागे छोटका देवरवा; जिन्हि बँसिया बजावेले रे।
आरे एक जागे चेरिया लउँड़िया, जिन्हि अँगना बहारेले[6] रे ॥२॥
ए चेरिया दुअरा[7] सुतेला सजइतवा[8]; बोलाई घरवा देहु नु रे।
ए सजइत रउरा धनि वेदने[9] बेयाकुल; रउरा के बोलावेलि रे ॥३॥
पासावा लड़वनी बेल तर अवरु बबुर तर रे।
ए सजइत धवरि[10] पइसेले गाजा ओवर, कहु ना धनि कुसल रे ॥४॥
ए सजइत हँसि हँसि बिरवा[11] लगावेले, मुसुकि[12] जनि बोलहु हो।
ए सजइत बुझि[13] जाहु आपन अवगुनवा; मुसुकि जनि बोलहु हो ॥५॥

---

[1]कमरा। [2]क्रीड़ा। आनन्द। [3]करते हैं। [4]व्यथा। [5]समा गया। [6]झाड़ती है। [7]द्वार। [8]पति। [9]वेदना। [10]दौड़ कर। [11]बीड़ा (पान का) [12]मुसकराना। [13]समझ जाओ।

ए सजइत मिलि जुलि बन्हली रे मोटरिया[१], खोलत बेरियाँ[२] अकसर[३] हो।
छनिया[४] त रहीत छवाइ[५] दिहतों, लोगवा[६] बटोरि[७] दिहतों हो ॥६॥
ए धनिया आजु त कुबति[८] तोहार, ऊपर परमेसर[९] हो ॥७॥

एक ही कमरे में दो आदमी—स्त्री और पुरुष हैं और दोनों भोग विलास कर रहे हैं। गर्भाधान के बाद जब लड़का होने का समय आया तब स्त्री के अंग-अंग में पीड़ा होने लगी। परन्तु कोई नहीं जगा ॥ १ ॥

केवल एक छोटा देवर जो बंशी बजाया करता था—जगा। फिर वह दासी जगी जो आँगन में झाड़ू लगाया करती थी ॥ २ ॥

स्त्री ने उस दासी से कहा कि ऐ दासी! मेरा पति बाहर द्वार पर सो रहा है, उसे जाकर बुला लाओ। दासी ने पति से कहा कि तुम्हारी स्त्री पीड़ा से व्याकुल है और तुम्हें घर में बुला रही है ॥ ३ ॥

पति यह समाचार सुनते ही दौड़कर के घर में घुस गया और स्त्री से पूछा कि तुम्हारी क्या हालत है ॥ ४ ॥

स्त्री ने उत्तर दिया कि ऐ पति! तुम हँस-हँस कर पान का बीड़ा लगा रहे हो। परन्तु तुम मुसकरा कर मत बोलो। तुमने जो करतूत किया है उसे समझ जाओ और मुसकरा कर मत बोलो ॥ ५ ॥

स्त्री ने फिर कहा कि हम दोनों ने मिल करके पुत्र-जन्म रूपी गठरी को बाँधा परन्तु इस गठरी को मुझे ही अकेले खोलना पड़ रहा है अर्थात् गर्भाधान के कारण हम दोनों आदमी हैं परन्तु प्रसव-पीड़ा मुझे अकेली ही सहनी पड़ रही है ॥ ६ ॥

पति ने उत्तर दिया कि ऐ स्त्री! यदि छप्पर को छवाना (मरम्मत करना) होता तो मैं अनेक आदमियों को इकट्ठा करके छवा देता। परन्तु इस कार्य में मैं तुम्हारी क्या सहायता कर सकता हूँ? इस समय तो तुम्हारी सहन-शक्ति और परमेश्वर के भरोसे ही बेड़ा पार लग सकता है ॥ ७ ॥

---

[१]गठरी। [२]समय। [३]अकेला। [४]छप्पर। [५]मरम्मत कराना। [६]मनुष्य। [७]इकट्ठा करता। [८]शक्ति। [९]परमेश्वर।

इस गीत में पति के संभोग-समागम को "अवगुनवा" कहना कितना व्यञ्जना-पूर्ण है। इस से निकलने वाली ध्वनि को सहृदय ही समझ सकते हैं। जिस दुःख में हाथ बँटाने में पति असमर्थ है उस दुःख को उसे स्त्री को देने का क्या अधिकार है। यदि उसका यह कार्य 'अवगुण' नहीं तो और क्या कहा जाय ? इस गीत में एक दूसरी विशेषता है, पुत्र को स्त्री तथा पुरुष के द्वारा मिल-जुल कर बाँधी गई गठरी कहना। वास्तव में पुत्र, स्त्री-पुरुष के परस्पर प्रेम की ग्रन्थि रूप होता है। महाकवि भवभूति ने उत्तर-रामचरित (३ अंक, १७ श्लोक) में पुत्र को दम्पति की प्रेम-ग्रन्थि कहा है—

अन्तःकरण तत्त्वस्य दम्पत्योः स्नेह संश्रयात्।
आनन्दग्रन्थिरेकोऽयमपत्यमिति कथ्यते॥

वास्तव में पुत्र स्त्री-पुरुष की प्रेम-मञ्जरी का फल है। भाव बहुत ही सुन्दर है।

सन्दर्भ—चौर्य-रति-वर्णन

(१४)

साँझ ही चोरवा[1] समइले, पलँग चढ़ि बइठले हो।
आरे हाइ रे मुसलनि[2] प्रेम धरोहर हरखि के बाहर भइले हो॥१॥
मुसलनि खाटी तर के पाटी, सिरहाना[3] पटडेहरि हो।
आरे हाइ रे सासु मुसलनि राउर[4] बेटा, हरखि के बाहर भइले हो॥२॥

कोई स्त्री कहती है कि ऐ सास ! तुम्हारा लड़का साँझ ही को हमारे घर में चोर की तरह घुस आया और मेरे पलँग पर आकर बैठ गया। वह आकर मेरे प्रेम रूपी धरोहर को चुरा ले गया और बाहर चला गया॥ १॥

चारपाई की पाटी तथा सिर की तकिया वह चुरा ले गया। ऐ सास—तुम्हारा बेटा आनन्द से बाहर चला गया॥ २॥

---

[1]चोर। [2]चुरा लिया। [3]सिर की ओर। [4]आपका।

सन्दर्भ—पुत्र-जन्म के बाद पति द्वारा स्त्री का उपचार

(१५)

कवन राम के ऊँची चउपरिया[१], मानिक[२] दीप जरेला[३] हो।
आरे कवन राम के इहे विरिज नारी[४], त पुत्र भले सोभेला हो ॥१॥
दुवरा से अइले कवन राम, अपना नारि से विनती करे हो।
बहुवा तुम्हे तिलरी[५] गाहोंई[६], पियहु मधु पीपरि हो ॥२॥
पीपरि के जार[७] हम ना सहवि, पीपरि हम ना पीयवि हो।
ससुर आँसू भरेला दुनो नयना, पीपरि हम ना पीयवि हो ॥३॥
दुवरा से अइले कवन राम, अड़पि[८] तड़पि बोलेला हो।
धनिया करवों में दोसर वियाह[९], पियहु मधु पीपरि हो ॥४॥
सवती[१०] के जार हम ना सहवि, पियवि हम पीपरि हो।
ए प्रभु पगरी के पेचवे छनइलो[११], पीयवि मधु पीपरि[१२]हो ॥५॥

किसी पुरुष की ऊँची चौपाल है। उसमें माणिक्य के समान उज्वल प्रकाशमान दीप जल रहा है। इसकी स्त्री को पुत्र हुआ है जो बहुत अच्छा लगता है ॥ १ ॥

द्वार पर से पति घर में आया और अपनी स्त्री से प्रार्थना करने लगा कि ऐ स्त्री! तुम मधु और पीपल खाओ (जिससे पेट का दर्द जाता रहे)। मैं तुम्हारे लिये गले का हार बनवा दूँगा ॥ २ ॥

तब स्त्री ने उत्तर दिया कि मैं पीपल खाने के कष्ट को स्वीकार नहीं कर सकती। ऐ ससुर! मेरी दोनों आँखों में आँसू भर रहे हैं, अतएव मैं मधु पीपल नहीं पी सकती हूँ ॥ ३ ॥

जब पति को पता चला कि उसकी स्त्री पीपल नहीं खा रही है तब वह द्वार पर से घर आया और गरज गरज कर अपनी स्त्री से कहने लगा कि यदि तुम मधु और पीपरि नहीं खाओगी तो मैं दूसरा विवाह कर लूँगा ॥ ४ ॥

[१]चौपाल। [२]माणिक्य। [३]जलता है। [४]स्त्री। [५]हार। [६]गढ़ा दूँगा। [७]कष्ट। [८]गरज करके। [९]विवाह। [१०]सपत्नी। [११]छाना गया। [१२]पीपल वृक्ष विशेष का फल।

तब स्त्री ने उत्तर दिया कि मैं सपत्नी के कष्ट को नहीं सहन कर सकती। ऐ पति! तुम अपनी पगड़ी के कपड़े में पीपल को छाव लो तो उसे मैं अवश्य पी लूँगी ॥ ५ ॥

सन्दर्भ—पुत्र-जन्म के कारण प्रसन्नता का एवं पुत्री-जन्म के भय का वर्णन

(१६)

माघ ही पूस के रहरिया[1] त झपर झपर[2] करे रे।
ए ललना ओइसन झपेरे[3] हमरा हरि जी, त बबुआ के जनम नु रे ॥१॥
जइसन कासी में सिव हवे, नरलोक पूजेला रे।
ओइसन पूजेले हमरो हरि जी, त बबुआ का जनम नु रे ॥२॥
साल ओढ़न साल डासन, मेवा फल भोजन रे।
ए ललना चनन के जरेला पँसगिया[4], निनरि[5] भल आवेला रे ॥३॥
जइसन दहे[6] में के पुरइनि[7] दहे बिचे काँपेले[8] रे।
ए ललना ओइसन काँपेले हमरो हरि जी, धिया[9] कारे जनम नु रे ॥४॥
कुस ओढ़न कुस डासन, बन फल भोजन रे।
ए ललना खुखुड़ी[10] के जरेला पँसगिया, निनरियो[11] ना आवेला रे ॥५॥

जिस प्रकार माघ और पौस के महीने में अरहर का पौधा लहलहाता है उसी प्रकार से हमारा पति पुत्र-जन्म के उत्सव में आनन्दित हो रहा है ॥ १ ॥

जिस प्रकार काशी के लोग शिव अर्थात् विश्वनाथजी की पूजा करते हैं उसी प्रकार से पुत्र-जन्म के अवसर पर मेरा पति मुझे पूजता अर्थात् आदर देता है ॥ २ ॥

स्त्री कहती है कि शाल अर्थात् दुशाला मुझे बिछाने को तथा दुशाला

---

[1]अरहर। [2]लहलहाती है। [3]आनन्दित होते हैं। [4]गर्भगृह या प्रसवगृह के द्वार पर जलने वाली लकड़ी। [5]नींद। [6]तालाब। [7]पुरैन का पत्ता, [8]काँपती है। [9]पुत्री। [10]नीच काष्ठ। [11]नींद।

ही ओढ़ने को मिलता है। भोजन के लिये मेवा फल मिलता है। मेरे पाँसग में चन्दन जलता है। अतएव नींद खूब आती है ॥ ३ ॥

जिस प्रकार से तालाब के बीच में स्थित पुरैन का पत्ता काँपता रहता है उसी प्रकार से मेरा पति पुत्री का जन्म होने से काँपता अर्थात् डरता है ॥४॥

दुर्भाग्य से यदि लकड़ी पैदा हो जाती है तो वह कुश ओढ़ने को देता है और कुश ही बिछाने को देता है। वन के फल भोजन करने को देता है। बुरी लकड़ी जलाने के लिये देता है जिससे मुझे नींद नहीं आती ॥ ५ ॥

यों तो लड़की का पैदा होना सर्वत्र बुरा माना जाता है परन्तु देहाती दुनिया में यह विशेष कर गर्हित समझा जाता है। देहातों में कहते हैं कि लड़की के पैदा होते ही तीन हाथ पृथ्वी नीचे दब जाती है। जिस स्त्री को लड़की पैदा होती है उसका आदर नहीं होता और उसको वस्त्र तथा भोजन भी बुरा दिया जाता है। उपर्युक्त गीत में इसी दशा का चित्रण किया गया है।

सन्दर्भ—वन्ध्या की मनोवेदना का वर्णन

(१७)

गया नहइलो गजाधर,[1] अवरु बेनी माधव रे।
ए ललना ! अतना तीरिथि[2] हम कइली,[3] बाझिनि रहि गइली नु रे ॥१॥
सासु ससुर नाहि मनलू, ननद ना दुलारेलु रे।
भसुर अलोत देइ ना चललू, बाझिनि होइ गइलू नु रे ॥ २ ॥
सासु ससुर अब मानबि, ननदो [4]दुलारबि नु रे।
ललना भसुरा अलोत[5] देइ चलबि, बाझिनि रहि गइली नु रे ॥ ३ ॥
नदिया का तीरे कदम गाछि अवरु चनन [6]गाछि रे।
ए ललना ताहि तर ठाढ़ रे नारायन, बालाका उरेहेले रे ॥ ४ ॥
आताना तीरिथि हम कइली, बाझिनि हम रहि गइली रे ॥ ५ ॥

कोई बाँझ (बन्ध्या) स्त्री पुत्र के अभाव के कारण दुःखी होकर स्वतः कह रही है कि पुत्र की प्राप्ति के लिये मैंने गया, गजाधर तथा बेनीमाधव

[1]और। [2]तीर्थ। [3]बन्ध्या। [4]प्यार करूँगी। [5]परदा। [6]वृक्ष।

(काशी) आदि अनेक तीर्थों में भ्रमण किया परन्तु फिर भी मैं बाँझ रह गई ॥ १ ॥

इसके उत्तर में किसी दैवी शक्ति ने कहा कि तुमने अपनी सास और ससुर का आदर नहीं किया, ननद को प्यार नहीं किया, भसुर से परदा नहीं किया। इसीलिये तुम बाँझ रह गयीं ॥ २ ॥

इस पर स्त्री ने कहा कि अब सास, ससुर का आदर करूँगी, ननद को प्यार करूँगी, भसुर से परदा करूँगी ॥ ३ ॥

उत्तर मिला कि नदी के तीर पर कदम्ब और चन्दन का वृक्ष है। वहाँ पर भगवान् बालक की सृष्टि करते हैं चली जाओ। स्त्री ने वहाँ जाकर भगवान् से प्रार्थना की कि मैंने इतना तीर्थ किया फिर भी बाँझ ही रह गई ॥ ४ ॥

सन्दर्भ—पुत्र-जन्मोत्सव के उछाह का वर्णन

(१८)

नन्द दुआरे कीरतन[1] होला. देस देस आनन्द ए।
देस देस के लोग जागे, धगड़िनि नाहिं जागेले ए ॥ १ ॥
उठु उठु धगड़िनी गरभी गुमानी, उठि के ढारहु पाँव ए।
नन्द जसोदा घरे कान्ह जनमले, तीनों लोक आनन्द ए ॥ २ ॥
उहवाँ से धगड़िनि दुअरा आइलि, बोल बोलले अभिमान ए।
लाल पाट के जाजिम माँगेले, खोरी खोरी डसाव[2] ए ॥ ३ ॥
उहवाँ धगड़िनि ओबरिनि अइली, बोल बोलेले अभिमान ए।
सोने के छुरी हम नार छीनबि,[3] रूपे की थारी नहवाऊ ए ॥ ४ ॥
गांगा जी से जल भरि माँगाइबि कान्ह के नहवाइबि ए।
ओबरिनि बइठलि कहत जसोदा, धगड़िनि अरज हमार ए ॥ ५ ॥
कवन बहतर[4] रउरा चाही से, हमें कही ना समुझाई ए।
पाट पीतम्बर हमरा के बाढ़हु जीयसु[5] बबुआ तोहार ए ॥ ६ ॥

---

[1]कीर्तन। [2]बिछाओ। [3]काटूँगी। [4]वस्त्र। [5]जीवें।

पियर बहतर हमरा के चाही, हमे आनि पहिराइ ए।
पहिरि ओढ़िय धगड़िनी अइली, उनका से अरज[1] हमार ॥ ७ ॥
अइसन असीस[2] दे ए धगड़िनि, जीयसु बबुआ हमार ए ॥ ८ ॥

नन्द के घर लड़का पैदा हुआ है अतएव कीर्तन हो रहा है और देश-देश में आनन्द मनाया जा रहा है। सब लोग जग गये हैं परन्तु धाय अभी तक नहीं जगी ॥ १ ॥

तब किसी ने धाय के घर जाकर उससे कहा कि ऐ घमंडी धाय! उठो तथा यहाँ से चलो। नन्द और यशोदा के घर पुत्र पैदा हुआ है अतः तीनों लोक में आनन्द फैला हुआ है ॥ २ ॥

तब धाय उठकर अपने घर से नन्द के द्वार पर गई और अभिमान से युक्त बोली बोलने लगी उसने कहा कि लाल रंग का जाजिम लाओ और उसे बिछाओ ॥१

उसके बाद धाय घर में आई और अभिमान पूर्वक कहा कि इस बच्चे का नार (नाल) काटने के लिये सोने की छुरी लाओ और नहाने के लिये चाँदी का थाल लाओ ॥ ४ ॥

गंगा जी का जल लाओ जिससे मैं इस बालक को नहलाऊँ। घर में बैठी हुई यशोदा ने कहा कि ए धाय! मेरी बिनती सुनो ॥ ५ ॥

तुम्हें कौन सा वस्त्र चाहिये इस बात को समझा कर कहो। धाय ने उत्तर दिया कि मुझे रेशमी कपड़ा मिलना चाहिये। तुम्हारा बच्चा चिरायु हो ॥ ६ ॥

धाय ने कहा मुझे पीला वस्त्र पहनाओ। जब धाय पीले वस्त्र को पहन कर आँगन में खड़ी हुई तब यशोदा ने उससे बिनती करते हुए कहा कि ऐ धाय! तुम ऐसा आशीर्वाद दो जिससे हमारा बच्चा बहुत दिन तक जीता रहे ॥७।८॥

इस गीत में पुत्र-जन्म के उत्सव का बड़ा ही सुन्दर वर्णन है। आनन्द के इस अवसर पर धाय का 'डिमाण्ड' बढ़ता ही चला जाता है। पुत्र-जन्म के समय पर इस प्रकार के उत्सव सर्वत्र देखे जाते हैं। अतः उपर्युक्त वर्णन बहुत ही स्वाभाविक मालूम पड़ता है।

---

[1] विनती। [2] आशीर्वाद।

सन्दर्भ—प्रसव-पीड़ा का वर्णन

(१६)

सोने का खरउवाँ राजा रामचन्द्र. आमा से अरज करे हो।
ए आमा जीरवा[1] अइसन धनी पातर, वेदने वेयाकुल बोलावेहि हो ॥१॥
जइतीं त बबुआ[2] जइतीं, त तोहरा बचनिया सुनि हो।
ए बबुआ तोरी धनी हाथवा के संकट[3], मुँहवा से फुहर[4] बोले हो ॥२॥
काँखहु ए धनी काँखहु, कोठिला के आन धइले हो।
ए धनिया रामजी के वान्हल मोटरिया[5], कले कले[6] खुलेला हो ॥ ३ ॥

सोने के खड़ाऊँ पर चढ़े हुए राजा रामचन्द्र अपनी माता से प्रार्थना करते हैं कि ऐ माता! जीरे के समान पतली मेरी स्त्री प्रसव-वेदना से व्याकुल है और आप को बुला रही है ॥ १ ॥

माता ने उत्तर दिया कि ऐ वेटा! तुम्हारे वचन को सुन कर मैं अवश्य जाती परन्तु तुम्हारी स्त्री बड़ी ही कंजूस है और मुँह से गन्दी बातें बकती है ॥२॥

तब रामचन्द्र ने अपनी स्त्री से कहा कि ऐ स्त्री किसी प्रकार से तुम कष्ट सह लो। ईश्वर के द्वारा बाँधी गई गठरी (पुत्र) धीरे-धीरे खुल रही है ॥३॥

सन्दर्भ—पुत्र-जन्मोत्सव में दान का वर्णन

(२०)

चारु खण्ड के हवेलिया[7], चुने चुनवटल रे।
ए जी ताहि चढ़ि सुते, राजा दसरथ, कोसिला रानि लाढ़[8]लावे रे ॥१॥
का हम देवों बभन जी के अवरु भटन जी के रे।
का हम देवों धगड़ीनि, कन्हैया जी के जनम नु रे ॥ २ ॥
सोनवा में देवों बभन जी अवरु रूपवा भटन जी के रे।
रानी पाँचों[9] टुक कपड़ा धगड़िनिया, कन्हैया के जनम नु रे ॥ ३ ॥

---

[1]जीरा। [2]जाती। [3]कंजूस। [4]गन्दी बातें। [5]पुत्र। [6]धीरे-धीरे। [7]घर। [8]नखरा। [9]पाँच कपड़ा (धोती, कुरता, गमछी, चादर और पगड़ी या सारी, जम्पर, ओढ़नी आदि)।

पहिरि ओढ़ि धगड़ीनि ठाढ़ भइली, अदित[1] मनावेली[2] हो।
अदीत बढ़सु कवन राम के सन्तति, जाँहा मोर आदर हो ॥ ४ ॥

चार खण्ड की बहुत बड़ी हवेली थी जिसमें सफेदी की गई थी। उसी मकान में राजा दशरथ सो रहे हैं और रानी कौशिल्या नखरा कर रही है ॥१॥

रानी ने राजा से कहा कि मेरे राम का जन्म हुआ है अतएव इस शुभावसर पर मैं ब्राह्मणों को, भाँटों को और धाय को क्या पुरस्कार दूँ ॥ २ ॥

राजा ने उत्तर दिया कि राम के जन्मोत्सव में मैं ब्राह्मणों को सोना, भाटों को चाँदी (रुपया) और धाय को पाँचों टूक (सारी, जम्पर, ओढ़नी आदि) कपड़ा दूँगा ॥ ३ ॥

धाय ने सारा कपड़ा पहन लिया और घर के आँगन में खड़ी होकर वह भगवान् सूर्य से प्रार्थना करने लगी कि भगवान्! दशरथ के सन्तति की वृद्धि हो जिससे मेरा इस घर में सदा आदर होता रहे ॥ ४ ॥

सन्दर्भ—स्त्री के दोहद का वर्णन; सासु की उक्ति वधू के प्रति

(२१)

मचिया बइठल तुहु ए सासु हो।
लागेला करइला में फूल, मने मने हुलसेला[3] हो ॥ १ ॥
मचिया बइठलि तुहु ए धनि नारि सुलछनी[4] हो।
ए धनि कवन कवन फल मन भावे, कही ना समुझावहु हो ॥ २ ॥
फालावा त भावेला आमावा के, अवरू इमिलिया के नु हो।
ए प्राभु सेव, बदाम, छोहाड़ा. त अवरू ना मन भावेला हो ॥ ३ ॥
मचिया बइठलि तुहु ए धनि नारि सुलछनि हो।
धनी कवन पहिरन मन भावेला, कही ना समुझावहु हो ॥ ४ ॥

---

[1]आदित्य (सूर्य)। [2]पूजती है। [3]प्रसन्न होती हूँ। [4]सुन्दर लक्षणवाली।

सरीया[1] त भावेला अतर कई, लाहँगा दरस कइ ए।
आभु चोलिया त भावेला कुसुम[2] कइ, अवरु ना मन भावेला हो ॥ ५ ॥

मचिया पर बैठी हुई ऐ सास ! करैला में फूल लग रहा है। अतः मुझे बड़ी प्रसन्नता हो रही है ॥ १ ॥

पति कहता है कि ऐ सुलक्षणा स्त्री ! तुम्हें कौन सा फल अच्छा लगता है, इसे स्पष्ट कहो ॥ २ ॥

स्त्री ने कहा कि मुझे आम का फल, इमली, सेव, बादाम और छुहारा अच्छा लगता है और कोई चीज़ अच्छी नहीं लगती ॥ ३ ॥

पति ने पूछा कि ऐ स्त्री तुम्हें कौन सा कपड़ा पहिनने के लिये अच्छा लगता है तब स्त्री ने जवाब दिया कि मुझे सारी, लहँगा और कुसुम्मी रंग की चोली अच्छी लगती है और कुछ नहीं ॥ ४ ॥

सन्दर्भ—सुखपूर्वक पुरुष का वर्णन

(२२)

सावन भदउवाँ के रतिया, देखत डर लागेला हो।
राजा खोल ना बजर केवार[3], हम ही रउरा सोइबि हो ॥१॥
घरी राति गइली, पहर राति बितली नु हो।
राजा छोड़िद ना हमरो आँचरवा; आँगानवा हम जाइबि हो ॥२॥
किया हमरो मइया जगावेले, बहिन हाँक[4] पारेले हो।
धनिया कवन जरूर[5] तोहरा लगले; आँगन तुहुँ जालु नु[6] हो ॥३॥
नाहिं राउर मइया जगावेली, बहिन हाँक पारेलिनि हो।
राजा बड़ा रे जरूर हमरा लगले, आँगन हम जाइबि हो ॥४॥
एक लात[7] देली चउकठ[8] पर, दोसर लात आँगाना में हो।
राजा बाजे लागल मंगल बधाव[9]; महल उठे सोहर हो ॥५॥

---

[1]साढ़ी। [2]कुसुम्भी रंग। [3]कपाट (दरवाजा)। [4]आवाज देना। [5]आवश्यकता। [6]जाती हो। [7]पैर। [8]चौखट। [9]वाद्य (बाजा)।

आँगाना त नाचेली ननदिया, दुवारा पर कसविनि[1] हो।
राजा त हो प्रभु कथक[2] नचावेले, बबुआ[3] जनम लिहले हो ॥६॥

कोई स्त्री अपने पति से कह रही है कि सावन और भादों की अँधेरी रात को देख कर बड़ा डर मालूम होता है। ऐ पति ! कमरे के दरवाजे को खोलो; मैं तुम्हारे साथ ही सोऊँगी ॥१॥

स्त्री जब अपने पति के साथ एक घड़ी तथा एक पहर तक सो चुकी तब उसने कहा कि ऐ पति मेरा आँचर छोड़ दो क्योंकि मैं आँगन में जाना चाहती हूँ ॥२॥

पति ने पूछा कि क्या मेरी माता तुमको जगाने आयी हैं अथवा मेरी बहन तुमको बुला रही है। ऐ स्त्री ! तुम्हें कौन सी ऐसी आवश्यकता आ पड़ी है जिसके कारण से तुम बाहर जाना चाहती हो ॥३॥

पत्नी ने उत्तर दिया कि न तो आपकी माता मुझे जगाने आई हैं और न आपकी बहिन ही मुझे बुला रही है। ऐ पति ! मुझे बहुत बड़ी आवश्यकता है, इसीलिये मैं बाहर जाना चाहती हूँ ॥४॥

इतना कहकर पत्नी ने एक पैर चौखट पर और दूसरा पैर आँगन में दिया। बाहर आते ही उसे पुत्र पैदा हो गया जिससे मंगल वाद्य बजने लगा और महल में सोहर गाया जाने लगा ॥५॥

पुत्र-जन्म के उत्सव में आँगन में ननद नाचने लगी तथा द्वार पर वेश्या नाचने लगी और आनन्द में विभोर पति ने भाँड़ नचाना शुरू कर दिया ॥६॥

सन्दर्भ—पुत्र-जन्मोत्सव का वर्णन

(२३)

चारु चउखण्ड के पोखरवा[4], त चुने चुनवटल हो।
ए जी ताहि चढ़ि राम करे दतुवनि, सीता घरील[5] लेले हो ॥१॥
का ओहो राम का घरे रहले, का मधुवने[6] गइले हो।
ए जी दुअरा लगइते लखराँव[7], बहुरि[8] सीता देखसु हो ॥२॥

---

[1]वेश्या। [2]कत्थक (भाँड़)। [3]पुत्र। [4]तालाब। [5]घड़ा। [6]परदेश। [7]लक्षाराम (बग़ीचा)। [8]फिर।

का एहि सीता घरे रहले, का नइहरे[1] गइले हो।
ए जी कल में पुतवा बियइती[2], सुनति सुख सोहर हो ॥३॥
हकर[3] अजोधा के काहारा, बेगहि चलि आवसु हो।
भइया जलदी से डँड़िया फानाव, नइहर पहुँचाव नु हो ॥४॥
मचिया बइठलि तुहु आमा, पुरुष बिरह[4] बोलेले हो।
आमा काहे के धिया जनमलु, पुरुष बिरह बोलेले हो ॥५॥
काँच ही बाँसावा कटइह, बिनइह डागा[5] डाल नु हो।
ए बेटी ओहि में भरइह तिल चाउर, गोसइँया[6] परसन[7] होइहें हो ॥६॥
अदित मनवही ना पवलों, गोसइयाँ परसन भइले हो।
लालाना बाजे लागल अनघ[8] बधाव; महले उठे सोहर हो ॥७॥
आँगन बहरइति[9] चेरिया, त अवरु लउँड़िया नु हो।
बीरहा बोलना के दइना बोलाइ, सुनसु सुख सोहर हो ॥८॥
चटर[10] चटर राम अइले, आँगानवाँ में ठाढ़ भइलनि हो।
ए धनिया हमही हरलीं[11] रउरा जीतलीं[12], सुनिलें सुख सोहर हो ॥९॥
मोरा पिछुवारावा नोनिया[13] भइया, बेगे चलि आव नु हो।
भइया जलदी से लाव[14] लखराँव[15], बहुरि सीता देखसु[16] हो ॥१०॥

एक बहुत बड़ा तालाब है जो चूने से पुता हुआ है। उसके किनारे बैठ कर रामचन्द्र जी दातौन कर रहे हैं और सीता जी घड़े से पानी भर रही हैं ॥१॥

सीता जी कहती हैं कि राम के घर रहने अथवा परदेश में जाने से क्या? अर्थात् उनका घर रहना व्यर्थ है। यदि द्वार पर वे एक बगीचा लगाते तो मैं उसे आनन्द पूर्वक देखती ॥२॥

---

[1]मायका। [2]बच्चा पैदा करती। [3]पुकारो। [4]व्यंग्य वचन। [5]सूप या डाली। [6]पति। [7]प्रसन्न। [8]अत्यधिक। [9]झाड़ू देती हुई। [10]खड़ाऊ पर चट-चट शब्द करते हुए। [11]हार गया। [12]जीत गई। [13]मकान बनाने वाले कारीगर। [14]लगाओ। [15]लखाराम (बड़ा बगीचा)। [16]देख सके।

राम ने उत्तर दिया कि सीता के घर रहने अथवा मायके जाने से ही क्या ? यदि उसे पुत्र पैदा होता तो मैं सुखपूर्वक सोहर सुनता ॥३॥

इस पर क्रुद्ध होकर सीता ने अयोध्या के पालकी ढोने वाले कहारों को शीघ्र बुलाया और कहा कि मुझे पालकी पर बैठा कर मायके पहुँचा दो ॥४॥

मायके पहुँच कर सीता ने अपनी माता से कहा कि मचिया पर बैठने वाली ऐ माता ! मेरा पति मुझसे व्यंग्य वचन बोल रहा है। ऐ माता ! तुमने मुझे लड़की के रूप में क्यों पैदा किया ॥५॥

इस पर माता ने उत्तर दिया कि ऐ बेटी ! तुम कच्चे बाँस को कटवा कर उसका सूप अथवा छबड़ी (डाली) बनवाना और उसमें तिल और चावल भरवा देना। इससे तुम्हारा पति प्रसन्न हो जायेगा ॥६॥

स्त्री ने अभी सूर्य की पूजा भी नहीं की थी कि भगवान् प्रसन्न हो गये और इस स्त्री को पुत्र-रत्न पैदा हुआ। घर में बाजे बजने लगे और महल में सोहर गाया जाने लगा ॥७॥

स्त्री ने कहा कि ऐ आँगन में झाड़ू देने वाली दासी ! व्यंग्य वचन बोलने वाले मेरे पति को बुला लाओ, जिससे वह इस सुन्दर सोहर को सुनें ॥८॥

पति खड़ाऊँ पर चढ़ा हुआ चट-चट शब्द करता हुआ आँगन में खड़ा हो गया और स्त्री से बोला कि ऐ प्यारी ! तुम जीत गई और मैं हार गया ॥९॥

पति ने कहा कि ऐ मेरे घर के पीछे रहने वाले कारीगर (माली) ! तुम लोग शीघ्र आओ और शीघ्र एक बगीचा लगाओ जिससे सीता उसे देख कर प्रसन्न होवे ॥१०॥

सन्दर्भ—पुत्र के बिना स्त्री की मनोव्यथा का वर्णन

(२४)

पानावा अइसन हम पातर[१], कसइलि[२] अइसन ढुनमुनि[३] हो।
ए ललना फुलवा अइसन सुकुवारि[४], चनन अइसन गमकीले[५] हो ॥१॥

---

[१]पतली। [२]सुपारी। [३]सुन्दर। [४]सुकुमार। [५]सुगन्धित।

इ तीनु फूल जाहाँवा मिलते, आँगाना में लगइतों नु हो।
ए ललना हरि मोरा बइठे पूजनरिया[1] हम लोर्हि[2] चढ़इतों नु हो ॥२॥
एक दिन ए राम जी उहे रहले, जाहि दिन बियाह भइले हो।
ए राम जी निहुरि[3] निहुरि चरन छुवले, चिटुकि[4] सेनुरा लावेले हो ॥३
एक दिन ए राम जी उहे रहले; जाहि दिन गवना भइले हो।
ए राम जी आगा आगा घोड़ा दउरवले[5], त पाछा डाँड़ी आवेला हो ॥४॥
ए राम जी तोसक तकियवा लगवले, नजरियो[6] ना उतारेले हो।
जइसन वन में के कोइलरि[7], बने बने कुहुकेले[8] हो ॥५॥
ए राम ओइसन जियरा हमरा कुहुकेला, एक रे वालक विनु हो।
जइसन वोरसी[9] के आग हवे धीरे धीरे सुनुगेला[10] हो ॥६॥
ओइसे[11] जियरा हमरा सुनुगेला, एक रे वालक विनु हो ॥७॥

कोई स्त्री कहती है कि मैं पान की तरह पतली, सुपारी के समान सुन्दर, फूल के समान कोमल और चन्दन के समान सुगन्धित हूँ ॥ १ ॥

अगर सुन्दर और सुगन्धित फूल मुझे मिलते, तो मैं उन्हें लाकर आँगन में लगाती, और जब मेरा पति पूजा करने के लिये बैठता, तब मैं उन्हें चुन कर उसे देती ॥ २ ॥

एक दिन वह था जिस दिन मेरा विवाह हुआ और पति ने झुक-झुककर मेरा चरण-स्पर्श किया, तथा चुटकी से मेरी माँग में सिन्दूर लगाया ॥ ३ ॥

एक दिन वह था जिस दिन मेरा गवना हुआ। उस दिन पति आगे-आगे घोड़ा दौड़ा रहा था और मेरी पालकी पीछे-पीछे जा रही थी ॥ ४ ॥

एक दिन वह था जब पति मेरे लिये तोशक-तकिया पलंग पर बिछाया करता था, परन्तु आज समय के फेर से वह मेरी ओर दृष्टिपात भी नहीं करता ॥५॥

स्त्री कहती है कि जिस प्रकार वन की कोयल वन में कू-कू करती फिरती है उसी प्रकार मेरा हृदय एक पुत्र के बिना दुःखी हो रहा है ॥ ६ ॥

---

[1]पूजा के लिये। [2]चुनना। [3]झुककर। [4]चुटकी। [5]दौड़ाया। [6]दृष्टि (नज़र)। [7]कोकिल। [8]बोलती है। [9]अँगीठी। [10]जलती है। [11]उसी प्रकार से।

जिस प्रकार अँगीठी की आग धीरे-धीरे सुलगती है, उसी प्रकार हमारा हृदय एक बालक के बिना कष्ट पाता है, तथा धीरे-धीरे जलता रहता है ॥ ७ ॥

सन्दर्भ—वन्ध्या की मनोव्यथा का वर्णन

(२५)

बाव[1] बहेले पुरवइया, उतरही झकोरेले हो।
ए ललना रुकमीनि सुतेली ओसारवा[2], त गोदिया भतीज लेले हो ॥१॥
घर में से निकले भउजइया, आँगानावा में ठाढ़ भइली हो।
ए ललना झपटि के छोरेली भतीजवा, रुकमिनि मनवा दुखीत हो ॥२॥
घर में से निकलेलि आमा, रुकमिनि समुझावेलि हो।
ए रुकमिनि का ओहि आनाका[3] रे बालाकावा, तोर जनम अकारथ हो ॥३॥
का ओहि आमावा का खइले, अठिलिया[4] के चटले नु[5] हो।
ए रुकमिनि का ओहि अनका रे बालाकावा, तोर जनम अकारथ हो ॥४॥
लाल पियर[6] ना पहिरलीं, चउक[7] ना बइठलीं[8] हो।
ए ललना गोदिया[9] बालक ना खेलवलीं[10], मोरे जनम अकारथ हो ॥५॥

पुरवैया हवा बह रही है और उत्तर की हवा झकझोर रही है। ऐसे समय में रुक्मिणी नाम की कोई स्त्री अपने भतीजे को गोदी में लेकर बरामदे में सो रही थी ॥ १ ॥

घर में से भौजाई निकली और आँगन में आकर खड़ी हो गई। उसने झपट कर रुक्मिणी की गोद से अपने बालक को छीन लिया। इस कारण रुक्मिणी बहुत दुःखी हुई ॥ २ ॥

इसके बाद माता घर से निकली और अपनी पुत्री को दुःखी देखकर समझाते हुए कहा— ऐ रुक्मिणी तुम दूसरे के बालक के छीने जाने पर दुःखी क्यों होती हो? पुत्र न होने के कारण तुम्हारा जन्म अकारथ ही गया ॥ ३ ॥

---

[1]वायु। [2]बरामदा। [3]दूसरे का। [4]गुटली। [5]चाटना। [6]पीला। [7]चौका (पूजा वेदी)। [8]बैठी। [9]गोद में। [10]खेलाया।

माता ने कहा—दूसरे के आम खाने और गुठली चाटने से क्या लाभ ? ऐ रुक्मिणी ! दूसरे के बालक को लेकर सोने से क्या फायदा ? क्योंकि वह आनन्द क्षणभंगुर है ॥ ४ ॥

इस पर दुःखी होकर रुक्मिणी ने कहा—मैंने अपने जीवन में लाल तथा पीला कपड़ा कभी नहीं पहना और न कभी पति के साथ चौका (पूजा-वेदी) पर ही बैठी। मेरी गोदी में बालक न होने के कारण मेरा जन्म व्यर्थ ही गया, अर्थात् मेरा जीना असफल रहा ॥ ५ ॥

पुत्र के अभाव में स्त्री के हृदय में कितनी मानसिक वेदना उत्पन्न होती है इसका बड़ा ही मार्मिक चित्रण ऊपर के गीत में किया गया है। वास्तव में स्त्रियाँ पुत्र के बिना अपने जीवन को निरर्थक समझती हैं। उनके हार्दिक कष्ट का अनुमान करना कठिन है।

सन्दर्भ—गोपियों द्वारा कृष्ण की धृष्टता का यशोदा को उलाहना

(२६)

दही बेंचे चलली गोवालिनि[१], आरे सिर पर मटुक[२] लिहले हो।
आरे गले गज-मुकुता के हार, त ओढ़ेली पितम्बर[३] हो ॥ १ ॥
एक बने गइली दोसरे बने, अवरु तिसर बने हो।
आरे बीचवा कन्हइया बटवारावा[४], डहरिया[५] हमरो रोकेले हो ॥ २ ॥
दही, दूध दिहिले त ना ले ले, डहरिया हमरो रोकेले हो।
ए राम मांगेले कन्हैया जीव के रतिया[६], धरम छोड़ावेले हो ॥ ३ ॥
मीलहु सखिया सलेहरि[७], अवरु सनेहरि[८] हो।
ए सखि मिलि जुलि आँगन जसोदा, ओरहन[९] देबे जाइबि हो ॥ ४ ॥
ए मइया बरजि[१०] ना आपन रे बेटवना[११], डहरिया हमरो रोकेले हो।
दही, दूध, दिहिलो ना मानेले, डहरिया हमरो रोकेले हो ॥ ५ ॥

---

[१]ग्वालिनि। [२]घड़ा। [३]पीताम्बर। [४]बटमार (डाकू)। [५]मार्ग। [६]इन्द्रिय-सुख (भोग)। [७]सखी। [८]प्रेमी। [९]उलाहना। [१०]मनाकर दो। [११]लड़का।

मेटि घाल सिर के सेनुरवा[1], नयन भरि काजर हो।
ए बहुआ मेटि घाल दाँतावाँ के मिसिया[2], कन्हैया नाहि घेरिहें जी हो॥६॥
धनि के वइठइबों[3] दाँतें मिसिया, नयन भरि काजर हो।
ए मइया डाँटि[4] फोरि करबों रे ईंगुरवा[5], कन्हैया ललचाइबि हो॥ ७॥

कुछ ग्वालिनें सिर पर दही का मटका लेकर दही बेचने को चलीं। उन्होंने अपने गले में गज-मुक्ता का हार और शरीर में पीताम्बर वस्त्र पहन रक्खा था॥ १॥

वे अपना दही बेचने के लिये एक स्थान से दूसरे स्थान तथा तीसरे स्थान पर गईं। इतने में श्रीकृष्णजी रास्ते में मिल गये और उन्होंने उनका मार्ग बीच रास्ते में रोक लिया॥ २॥

वे कहती हैं कि श्रीकृष्ण को दूध तथा दही दिया गया, परन्तु उन्होंने अस्वीकार कर दिया। वे हम लोगों से इन्द्रिय-सुख माँग रहे थे और इस प्रकार हमारा धर्म छुड़ाना चाहते थे॥ ३॥

वे आपस में कहती हैं कि ऐ स्नेह करने वाली सखियो, हम लोग आपस में मिलकर अर्थात् इकट्ठी यशोदा के घर चलें और उनके पुत्र के कुकर्म के लिये उलाहना दे आवें॥ ४॥

उन्होंने जाकर यशोदा से कहा कि ऐ माता! आप अपने लड़के को मना कर दीजिये, क्योंकि वह बार-बार रास्ते में हम लोगों को छेड़ता है तथा दही, दूध देने पर भी नहीं मानता॥ ५॥

इस पर यशोदा ने उत्तर दिया कि तुम लोग अपने सिर का सिन्दूर और आँखों का काजल मिटा दो, अपने दाँत की मिस्सी (पाउडर) को नष्ट कर दो। तब कृष्ण तुम लोगों को नहीं छेड़ेंगे॥ ६॥

तब गोपियों ने उत्तर दिया कि हम लोग अपने दाँतों में अब अधिक मिस्सी लगावेंगी, आँखों में काजल लगायेंगी, माँग में खूब मोटा सिन्दूर लगावेंगी। इस प्रकार श्रीकृष्ण को हम लोग और भी ललचावेंगी॥ ७॥

---

[1]सिंदूर। [2]मिस्सी, (पाउडर)। [3]लगाऊँगी। [4]सींक से। [5]सिन्दूर।

श्रीकृष्ण के बाल्यकाल की नटखट प्रवृत्ति का यह बड़ा ही सुन्दर उदाहरण है। श्रीकृष्ण की 'दुष्टता' के कारण लोगों के उलाहनों के मारे यशोदा की नाकों में दम आ गया था। परन्तु वह नटखट कृष्ण को समझाने में असमर्थ थीं। सूरदास ने अपने पदों में श्रीकृष्ण की बाल-लीला का बहुत ही सुन्दर चित्रण किया है।

सन्दर्भ—राधाकृष्ण की प्रेम-लीला का वर्णन

(२७)

घर में से निकले राधा रनिया, अगनवाँ में ठाढ़ भइली।
ए ललना हँसि के पूछेलि जसोदा, काहे रे बहुआ[१] बेदिल हो[२] ॥ १ ॥
लाज सरम[३] केरि बतिया, कहल नाहिं जाला नु हो।
ए सासु पलँग रखल मोरी तिलरी[४], नाहि त आजु मिलेला हो ॥ २ ॥
नाहाई धोई अइले सीरि कृस्ना[५], आँगाना में ठाढ़ भइले हो।
ए ललना हँसिके पूछेलि जसोदा, काहे रे बबुआ बेदिल हो ॥ ३ ॥
लाज सरम केरि बतिया, कहल नाहि जाला नु हो।
ए आमा बनबीरिदा[६] केरि बँसुली[७], से हो चोरि भइल हो ॥ ४ ॥
जेकर लिहल बबुआ तिलरी, से हो तोहार बंसी लिहल[८] हो।
ए बबुआ देइ घाल बहू केरे तिलरिया, बँसुलिया हम दिया देबि हो ॥५॥
इ जनि जान सासु लाहे के तिलरिया, सहत[९] बाटे हो।
ए सासु सावा ही लाख केरे तिलरिया, रेसम में गुहावलि[१०] हो ॥६॥
इ जनि जान आमा बाँस के बँसुलिया, हामार हवे हो।
ए आमा आढ़ाइ ही लाख केरे बँसुलिया, त सोना में मढ़ावलि हो ॥७॥
एही बँसुलिया कारन मारबि अवरु गरिआइबि; घर में कुठेठि[११] लाइबि हो।
ए आमा नइहर के डीहवा[१२] रे देखाइबि, इहाँ से दुरु दुरु[१३] करबो हो ॥८॥
गोडवा[१४] में लवले चटकउवाँ पउवाँ, हाथावा सोबरनी साटी हो।

---

[१]बधू। [२]उदासीन। [३]शर्म। [४]हार। [५]श्रीकृष्ण। [६]वृन्दावन। [७]बाँसुरी [८]ले लिया। [९]सस्ता। [१०]गुँथवाया। [११]झगड़ा। [१२]उजाड़ स्थान। [१३]भगा देना, [१४]पैर।

ए ललना चलि भइलों सरहजी नगरिया, हम लाहारा[1] रे लगाइबि हो ॥९॥
ए सरहजी कवन अवगुन तुहुँ कइलू, ननद तुहें गरियावेले हो ॥१०॥
झंपा[2] में से कढ़ली साटन सारी अवरु पीतंबर हो।
ए ललना परते परते लवलि रे मोहरिया, ओरहनवा[3] देवे जाइबि हो ॥११
ए ननदी ! कवन अवगुन हम कइलीं, तुहु गरियावेलु[4] हो।
कवन जे सखी उजे कहुवे, कवन सखि सुनुवे नु हो ॥ १२ ॥
आरे कवन लबजि[5] लइया[6] लवलसि[7], भऊजी पतियालु[8] नु हो।
कवनो ना सखी उजे कहुवी, कवनो सखी ना सुनुवी हो ॥ १३ ॥
आरे सिरि कृस्ना लबज लइया लवले, त हम पतियालीं नु हो।
कारी बदन पर आताना[9] खोटाई, गोराइया पर कातानु[10] हो ॥ १४ ॥
ए ललना कारी बदन उनुकर[11] हउवे; लंका अगिया[12] लावेले हो ॥ १५ ॥

घर में से राधा रानी निकलीं और आँगन में आकर खड़ी हो गईं। यशोदाजी हँस कर उससे पूछती हैं कि ऐ बहू, तुम दुःखी तथा उदासीन क्यों हो ? ॥१॥

राधा ने उत्तर दिया कि यह लज्जा की बात है, अतः मुझसे कहा नहीं जाता। ऐ सास ! मैंने अपने पलंग पर हार रख दिया था, वह आज नहीं मिल रहा है ॥ २ ॥

श्रीकृष्णजी स्नान करके आँगन में आकर जब खड़े हुए, तब उनकी माता यशोदा ने उनसे पूछा कि ऐ पुत्र ! तुम आज उदासीन क्यों हो ? ॥३॥

श्रीकृष्ण ने उत्तर दिया कि ऐ माता ! मुझे कहने में लज्जा लगती है। मेरी वृन्दावन की बाँसुरी आज चोरी चली गई है ॥ ४ ॥

यशोदा ने उत्तर दिया कि जिसका तुमने हार चुरा लिया है उसीने तुम्हारी वंशी भी चुरा ली है। ऐ पुत्र ! तुम बहू का हार दे दो तो मैं तुम्हारी मुरली भी दिला दूँगी ॥ ५ ॥

---

[1]झगड़ा। [2]बक्स। [3]उलाहना। [4]गाली देना। [5]झूठ बोलने वाली [6]मिथ्यारोप। [7]लगाया। [8]विश्वास करना। [9]दुष्टता। [10]कितना। [11]उनका। [12]आग।

बहू ने कहा कि ऐ सास ! तुम यह मत जानो कि हमारी माला (हार) सस्ती है। मेरा हार सवा लाख रुपये का है और रेशम में गूँथा गया है ॥६॥

श्रीकृष्ण ने कहा कि ऐ माता ! मेरी बाँसुरी भी बड़ी कीमती है। उसका दाम ढाई लाख है और सोने में मढ़ी हुई है ॥ ७ ॥

यदि बाँसुरी नहीं मिली तो मैं राधा को मारूँगा, गाली दूँगा और घर में झगड़ा पैदा कर दूँगा। मैं राधा को मायके पहुँचा कर दुःख दूँगा और यहाँ से खदेड़ दूँगा ॥ ८ ॥

श्रीकृष्ण ने खड़ाऊँ पैर में पहन लिया और हाथ में सोने की छड़ी ली। वे अपनी सरहज (साले की स्त्री) के गाँव झगड़ा लगाने के लिये चल पड़े ॥६॥

कृष्ण ने सरहज से कहा कि तुमने कौन सा अपराध किया है जिसके कारण तुम्हारी ननद (मेरी स्त्री) तुम्हें गाली देती है ॥ १० ॥

यह सुनकर सरहज बहुत क्रोधित हुई और उसने अपने बक्स में से साटन की साड़ी और पीताम्बर निकाला और उलाहना देने के लिये ननद के घर चल पड़ी ॥ ११ ॥

वहाँ ज़ाकर उसने अपनी ननद से पूछा कि हमने कौन सा अपराध किया है जिससे तुम मुझे गाली दे रही हो। इस पर ननद ने उत्तर दिया कि किस आदमी ने मुझे गाली देते सुना है और किसने तुमसे यह बात कही है ॥ १२ ॥

किस झूठे ने मेरे ऊपर यह मिथ्यारोप किया है। इस पर भावज ने उत्तर दिया कि सखी ने मुझसे यह बात नहीं कही है ॥ १३ ॥

झूठे श्रीकृष्ण ने ही यह मिथ्यारोप तुम्हारे ऊपर किया है। इसीलिये मैंने विश्वास भी कर लिया ॥ १४ ॥

श्रीकृष्ण का बदन जब काला है तब इतनी खोटाई (दुष्टता) भरी हुई है। यदि संयोग से इनका वर्ण गोरा होता तो न मालूम कितनी दुष्टता भरी होती। कृष्ण का काला बदन है इसीलिये वे अपने रूप के अनुसार काली करतूतों के द्वारा सर्वत्र आग लगाते फिरते हैं अर्थात् झगड़ा करा देते हैं ॥१५॥

सन्दर्भ—प्रिय-वियोग तथा गर्भवती स्त्री की आकृति का वर्णन

(२८)

बरिसहु ए देव बरिसहु, मोरा नाही मने भावेला हो।
एं देव मोर पिया नान्हें[1] केरे बिसनीयारे[2], अकेला काहा भीजेला[3] हो॥१॥
पहिरि कुसुम रंगे सरिया, चढ़लों अटरिया नु रे।
कि आरे मोरे ललना टपकि रहेला छाति बुनवा[4], मोरे निनियो ना आवेला रे॥ २॥
सुनवे त सुनवे रे ननदिया, आरे हमरी बचनिया नु हो।
कि आरे मोरे ननदो भइया केरे बोलइतु, उहे दरद मोरा जानेले हो॥३॥
सुनवे त सुनवे रे भउजी, हमरी रे बचनिया नु हो।
कि रे भउजी दीन दस आवे देहु आसाढ़वा, आपन भइया बोलाई[5] देवि हो॥ ४॥
ए ननदो कहीतु जहरवा[6] खाइके मरितींरे, सइयाँ बिना दुःखवा सहलो ना जाइ हो।
अइलनि भइया अँगनवा, दुवरिया ठाढ़ भइलनि हो॥ ५॥
आरे ललना धनिया के सुख पियरइले,[7] त अब बंस[8] [9]बाढ़ न हो।
आरे धनिया हमरा जो आमा के बोलइतु, त दुःख नाही अवहीत हो॥६॥
माई रउरी हईं कुटनहरी[10], बहिनिया पिसनहरि[11] हो।
आरे पियवा रउरा हईं खेत जोतवा[12], मैं काहि के बोलाइबि हो॥ ७॥
पतित के हउ तुहुँ धियवा, पतित के बहिनिया नु हो।
कि आरे धनिया पतित के तुहुँ नतिनिया[13], हम गोठहुल[14] घर देबों हो॥८॥
माई रउरी हइं पण्डिताइनि, बहिनिया चधुराइनि हो।
कि आरे पियवा रउरा हइं सिर साहब, हम बसहर[15] घर लेबों हो॥९॥

---

[1]बचपन से ही। [2]शौकीन। [3]भींग रहा है। [4]बूँद। [5]बुला दूँगी [6]ज़हर। [7]पीला हो गया। [8]वंश, [9]वृद्धि। [10]कुटिला (दुष्टा)। [11]आटा पीसने वाली। [12]खेत जोतनेवाला (कृषक)। [13]पौत्री। [14]उपले रखने का गन्दा घर। [15]अच्छा तथा सुन्दर घर।

कोई स्त्री कहती है कि हे देव! खूब बरसो। परन्तु यह बरसना मुझे अच्छा नहीं लगता है। मेरा पति लड़कपन से ही शौकीन है, अकेले वह कहाँ भींगता होगा ॥ १ ॥

वह स्त्री कुसुम्भी रंग की सारी को पहन करके पति का मार्ग देखने के लिये अटारी पर चढ़ गई। वह कहती है कि दुःख के मारे आँसू से मेरी छाती भींग रही है; मुझे निद्रा भी नहीं आती ॥ २ ॥

उस स्त्री ने अपनी ननद से कहा कि ऐ ननद! तुम अपने भाई को बुला दो, क्योंकि वह मेरा कष्ट जानता है ॥ ३ ॥

ननद ने उत्तर दिया कि ऐ भावज! सुनो। दस दिन में अब आषाढ़ का महीना आने वाला है। उस समय मैं अपने भाई को बुला दूँगी ॥ ४ ॥

इस पर भौजाई ने जवाब दिया कि ऐ ननद! कहो तो मैं ज़हर खाकर मर जाऊँ। क्योंकि बिना पति के मैं अपने कष्ट को सहने में असमर्थ हूँ ॥ ५ ॥

इतने ही में ननद का भाई (पति) परदेश से चला आया और आँगन के दरवाजे पर आकर खड़ा हो गया। अपनी गर्भवती स्त्री का मुख देखकर वह सोचने लगा कि अब मेरे वंश की वृद्धि होगी ॥ ६ ॥

पति ने पूछा कि तुमने मेरी माता को क्यों नहीं बुला लिया, नहीं तो तुम्हें इतना कष्ट नहीं होता। इस पर स्त्री ने उत्तर दिया कि तुम्हारी माता दुष्ट है, बहन आटा पीसने वाली है, और तुम खेत जोतने वाले हो, अतः मैं किसको बुलाती ॥ ७ ॥

इस पर पति ने उत्तर दिया कि तुम पतित पुरुष की लड़की हो, पतित की बहन हो, और तुम पतित की पौत्री हो। तुम्हें मैं रहने के लिए गन्दा घर दूँगा ॥ ८ ॥

इस पर स्त्री ने उत्तर दिया कि आपकी माता पण्डितानी हैं, बहन चौधरानी है और आप बड़े साहब हैं। अतः अब मैं अच्छे घर में रहूँगी ॥९॥

उपर्युक्त गीत में पत्नी का पति-प्रेम तथा पुरुष की निष्ठुरता का बड़ा ही सुन्दर चित्रण है। स्त्री तो पुरुष के वियोग में मर रही है, परन्तु पति को जरा भी दया नहीं। स्त्री के द्वारा कुछ कटु शब्द कह दिये जाने पर उसे 'गन्दे' घर

में नजर बन्द कर देने की धमकी दी जाती है। इस प्रकार की घटनाएँ गाँवों में प्रायः रोज ही हुआ करती हैं। गृह-कलह तो देहातों में दैनिक घटना सी हो गई है। अतः उपर्युक्त चित्र अत्यन्त स्वाभाविक मालूम पड़ता है।

सन्दर्भ—स्त्री की प्रसव-पीड़ा का वर्णन

(२६)

पच पच[1] पानवा के बिरवा, लवँगिया के मुसुकरि[2] रे।
ए ललना देहुँगे ननदजी का हाथे, त बिरवा लगावसु रे॥१॥
सुपुली[3] खेलत तुहु ननद, मोर पियारी ननद रे।
ए ननदी आपन भइया देई ना बोलाई, मैं दरद बेयाकुल रे॥२॥
जुववा[4] खेलत तुहु भइया, अवरु वीरन[5] भइया हो।
ए भइया प्रानप्यारी भउजी हमार, दरद से बेयाकुल हो॥३॥
जुववा लड़वनी बेल तर अवरु बबुर तर हो।
ए ललना धवरि पइसेले गाजा ओबर, कहना धनि कुसल हो॥४॥
ड़ाँड़ मोर बथेला गाहागहि[6], कपार मोर टनकेला[7] हो।
ए प्राभु पृथ्वी मोरे सुझेला अलोपीत[8], अँगुरी में दम[9] बसे हो॥५॥
घरवा त रहिते बनाइ दिहती, कारीगरवा बोलाई दिहती हो।
इहे बिरिज[10] नारि मोटरिया, खोलेले नारायन हो॥६॥
जामहु[11] ए बाबू जामहु, मोहि जुड़वावहु हो।
ए बाबू बाप के होइहे छत्र[12] छाँह, बहिनियाँ के ओठगन[13] हो॥७॥
हम ना अइबों ए आमा, हम ना अइबों हो।
ए आमा मइलहि[14] लुगवा सुतइबु, आरेइया[15] कहि बोलइबु नु हो॥८॥
आवहु ए बबुआ आवहु मोहि जुड़वावहु हो।
साफहि लुगवा[16] सुताइबि[17] बबुआ कहि बोलाइबि हो॥९॥

[1]पाँच। [2]खोंस देना। [3]लड़कों का एक खेल विशेष। [4]जुआ। [5]भाई। [6]ज़ोर से। [7]दुःखता है। [8]शून्य, लुप्त। [9]प्राण। [10]व्रज नारि। [11]पैदा होओ। [12]अवलम्ब। [13]सहारा। [14]गन्दा। [15]'रे' कहना। [16]कपड़ा, [17]सुलाऊँगी।

पाँच पाँच पान का बीड़ा लगाया गया और उसमें लवंग खोंस दिया गया। भावज ने कहा कि ननद के हाथ में इस पान को दे दो ॥१॥

भावज ने फिर कहा कि ऐ सुपुली खेलने वाली मेरी प्यारी ननद! तुम अपने भाई को बुला दो, क्योंकि मैं दर्द से व्याकुल हूँ ॥२॥

तब लड़की ने अपने भाई के पास जाकर कहा कि ऐ जुआ खेलने वाले मेरे भाई! हमारी प्राणों से प्यारी भावज दर्द के मारे व्याकुल है ॥३॥

बबूर वृक्ष के नीचे जुआ खेलने वाले पति ने जब यह समाचार सुना तो वह दौड़ कर घर में घुस गया और अपनी स्त्री से कुशल समाचार पूछा ॥४॥

स्त्री ने उत्तर दिया कि मेरी कमर में दर्द है और मेरा सिर दुख रहा है। ऐ पति! मुझे सारी पृथ्वी शून्य सी दिखाई पड़ रही है, और मेरी जान केवल अँगुलियों में ही शेष रह गयी है ॥५॥

पति ने उत्तर दिया कि यदि घर बनवाना होता मैं कारीगरों को बुलाकर आज ही घर तैयार करा देता। इस गर्भ में स्थित प्रसव रूपी गठरी को भगवान् ही खोलेंगे ॥६॥

इस पर स्त्री ने कहा कि ऐ पुत्र! अब पैदा होओ, पैदा होओ और मुझे शान्ति प्रदान करो। ऐ लड़के! तुम्हारी उत्पत्ति से पिता को अवलम्ब मिलेगा और बहन को प्यारी योग्य वस्तु मिलेगी ॥७॥

तब गर्भ में स्थित बालक ने उत्तर दिया कि ऐ माता! मैं नहीं पैदा हूँगा, क्योंकि तुम मुझे गन्दे-गन्दे कपड़े पर सुलाओगी और हमेशा 'रे' कहकर पुकारोगी ॥८॥

इस पर माता ने उत्तर दिया कि ऐ पुत्र! आओ और मुझे सन्तुष्ट करो। तुम्हें साफ कपड़ों पर मैं सुलाऊँगी और 'बबुआ' कह कर पुकारा करूँगी ॥९॥

सन्दर्भ—वन्ध्या स्त्री की मनोव्यथा, उपचार तथा पुत्र-जन्म का वर्णन

(३०)

साभावा बइठलि राजा दसरथ सुन मोर साध[1]; संतति हम चाहिले हो।
भले बउरइलु[2] कोसिला रानि, आरे तुहे के बउरावल हो॥ १ ॥

---

[1]इच्छा। [2]पागल हो गई।

आरे जाहि लिखले विधाता, संतति नाहिं मीलेला हो।
मोरा पिछुवारावा बढ़इया भइया, वेगे चलि आवसु हो।। २।।
ए भइया जरि से ना काटहु ओखादावा[१], वेग से लावहु हो।
कहवाँ केरा लोहँवा[२] मंगवलों, कोसिला रानि खातिर[३] हो।
पुरुब के लोहँवा मंगवलों[४] पच्छिम के सिलिया[५] नु हो।। ३।।
आरे रगरि रगरि[६] जरिया पिसलों[७] कोसिला रानि पीयसु हो।
एक खोरा[८] पियली कोसिला रानि, एक खोरा सुमित्रा रानि हो।।४।।
आरे सिलि धोई पियली केकइया रानि, तीनु जानी गरभ से नु हो।
कोसिला के भइले राजा रामचन्द्र, सुमित्रा का लछुमन हो।
केकइया भरत भुवाल[९], तीनों घरे मंगल वाजेला हो।। ५।।
सेर जोखि[१०] सोनवा लुटवली, पसेरि जोखवा रूपवा[११] नु हो।
आरे सगरे अजोध्या लुटवले, कोसिला रानि के आभरन[१२] हो।। ६।।
कवरहिं[१३] वोलेली केकइया रानी, सुनु राजा दसरथ हो।
ए राजा जानि बूझि अवध लुटइह[१४] भरत कुछ चाहेले हो।। ७।।
बरहो वरिस के राम होइहें, त वन के सिधरिहें[१५] नु हो।
बनहि वनहिं फल खइहें, सादा फल पइहें नु हो।। ८।।
राम बने बन जइहें, बरिस[१६] चउदह[१७] रहिहें नु हो।
ए जी छुटले निरवंसिया[१८] के नांव राम घरे अइहें नु हो।। ९।।

इस गीत में किसी बन्ध्या स्त्री की दुर्दशा का बड़ा ही मार्मिक चित्रण किया गया है। घर की स्त्रियाँ तो उसे बन्ध्या कहकर पुकारती हैं बल्कि माता देवी जैसी देवता भी उसे अशुद्ध तथा अछूत समझती हैं और उसकी डाली स्वीकार नहीं करती। अन्त में वह स्त्री आत्महत्या करने के लिये तैयार हो जाती है। पुत्र-प्राप्ति के लिये उसकी कठोर तपस्या अत्यन्त मर्मस्पर्शी है।

अपने वन्ध्या नाम को दूर करने के लिये उसका चित्त अत्यन्त व्याकुल है जो स्वाभाविक ही है।

सन्दर्भ—चेचक से पीड़ित बालक को नीरोग करने के लिये शीतला देवी से माता की प्रार्थना

(१६४)

मइया दाया ना करीं। टेक—
कहाँवा[1] उपजेला मइया के झालरी[2] विरवा ए मइया।
काहाँवा उपजेला बाँगाला[3] पान; मइया दाया ना करीं ॥१॥
कुरुखेते[4] उपजेला मइया के झालरी विरवा ए मइया।
मलिये वगीये उपजेला[5] बाँगाला पान ॥२॥ मइया दाया०
कइसे पटइवों[6] तोर झालरि विरवा ए मइया।
कइसे पटइवों बाँगाला पान ॥३॥ मइया दाया०
पनिये पटइवों मइया के झालरि विरवा।
दुधवे पटइवों बाँगाला पान ॥४॥ मइया दाया०
रूपे छुड़िया[7] कटइवों मइया झालरि विरवा।
सोने छुड़िया कटइवों बाँगाला पान ॥५॥ मइया दाया०
केई मोरा खइहें मइया झालरि विरवा।
केई मोरा खइहें बाँगाला पान ॥६॥ मइया दाया०
बचवा[8] ने खइहें मइया झालरि विरवा हो।
सीतली[9] मइया खइहें[10] बाँगाला पान ॥७॥ मइया दाया०

कोई भक्त स्त्री माता देवी से प्रार्थना करती हुई कहती है कि झालरी पौधा और पान कहाँ उत्पन्न होता है ॥ १ ॥

माता देवी उत्तर देती हैं कि कुरुक्षेत्र में झालरि विरवा उत्पन्न होता है और माली के वगीचे में पान पैदा होता है ॥ २ ॥

---

[1]कहाँ। [2]एक प्रकार का पौधा। [3]बंगाल का पान। [4]कुरुक्षेत्र। [5]उपजता है। [6]सीचूँगी। [7]चाकू। [8]लड़का। [9]शीतला। [10]खायेंगी।

ऐ माता ! मैं इस पौधे और पानी को कैसे सींचूँगी। माता ने कहा कि पानी से इस पौधे को सींचना और दूध से इस पान को सींचना ॥३।४॥

ऐ माता ! मैं चाँदी के चाकू से इस पौधे को काटूँगी और सोने के चाकू से इस पान को काटूँगी। लेकिन इस पौधे तथा पान को कौन खायेगा ॥ ५ । ६ ॥

फिर वह स्त्री स्वतः उत्तर देती है कि मेरा लड़का इस पौधे को खायेगा और शीतला माताजी इस पान को खायेंगी ॥ ७ ॥

सन्दर्भ—वन्ध्या स्त्री का मार्मिक दुःख तथा शीतला की कृपा से पुत्र-प्राप्ति

(१६५)

ससुरा के रूसलि[1] तिरिया; आरे नइहर चलले जाले हो।
आरे ताहि बीचे सीतली[2] हो मइया; खेलसु मन्दिलवा में हो ॥१॥
किया[3] तोरे आहो ए तिरिया; सासु दुःख दिहली हो।
किया तोरे आहो ए तिरिया; सामी गइलें बिदेसवा हो ॥२॥
आरे कवना करनवे ए तिरिया; नयेना ढरे लोरवा[4] हो ॥३॥
नाहीं मोरा आहो ए मइया; सासु दुःखवा दिहली हो।
नाहीं मोरा आहो ए मइया; सामी[5] गइलें बिदेसवा हो ॥४॥
आरे कोखिया[6] कारनवे[7] ए मइया; हम बउरइनी[8] हो।
आरे लिरवे[9] ढरत नयेनवा; रहतियो[10] ना सूझेला हो ॥५॥
बालाकावा हम देबों ए तिरिया; आरे गोदवा भरि देबों हो।
आरे हमरा के आहो ए तिरिया; किया तू चढ़इबु[11] हो ॥६॥
आरे हमरा के पूजवा ऐ तिरिया; किया तू चढ़इबु हो ॥७॥
बालाका जाहु देबू[12] ए मइया; आरे गोदवा भरि देबू हो।
आरे तोहरा के आहो ए मइया; जइया[13] से पूजबि हो ॥८॥

---

[1]क्रुध। [2]शीतला माता। [3]क्या। [4]आँसू। [5]स्वामी। [6]कोख। [7]कारण [8]बावली। [9]आँसू। [10]रास्ता। [11]चढ़ाओगी। [12]दोगी। [13]जई। [14]पूजूँगा।

ससुराल से कोई स्त्री क्रुद्ध होकर अपने मायके चली आ रही थी। इसी बीच में उसने शीतला देवी का मन्दिर देखा जिसमें माता देवी खेल रही थीं ॥ १ ॥

माता देवी ने उस स्त्री से पूछा कि क्या तुमको सास ने दुःख दिया है अथवा तुम्हारा स्वामी (पति) परदेश चला गया है ॥ २ ॥

माता ने पूछा ऐ स्त्री! किस कारण तुम्हारी आँखों से आँसू गिर रहे हैं ॥३॥

स्त्री ने उत्तर दिया कि ऐ माता! न तो मेरी सास ने मुझे दुःख दिया और न मेरा पति ही परदेश गया है ॥ ४ ॥

ऐ माता! पुत्र न होने के कारण से ही मैं बावली हो रही हूँ। मेरी आँखों से आँसू गिर रहे हैं और इस कारण मुझे रास्ता भी नहीं सूझ रहा है ॥ ५ ॥

तब माता देवी ने उसके दुःख से द्रवित होकर कहा कि ऐ स्त्री! मैं तुम्हें पुत्र-रत्न देकर तुम्हारी गोद भर दूँगी। परन्तु तुम मुझे क्या चढ़ाओगी और मुझे क्या पूजा दोगी ॥ ६ । ७ ॥

स्त्री ने कहा कि ऐ माता यदि आप मुझे पुत्र देंगी तो मेरी गोदी भर जायेगी और ऐ माता! मैं तुम्हें भीगे हुए चने से पूजूँगी ॥ ८ ॥

इस गीत में पुत्र-विहीन स्त्री की दुर्दशा का पुनः बहुत ही करुणा-जनक चित्र खींचा गया है। पुत्र न होने से इस स्त्री की आँखों से आँसुओं की झड़ी लगी हुई है। कितना कारुणिक दृश्य है। वास्तव में हिन्दू समाज में स्त्री का वन्ध्या होना एक अभिशाप है। इसीलिये यह स्त्री माता देवी की प्रार्थना करती है और अन्त में पुत्र-रत्न प्राप्त कर प्रसन्न होती है।

---

१०. झूमर

झूमर उन मिश्रित गीतों को कहते हैं जो विभिन्न अवसरों पर गाये जाते हैं। कभी तो ये यज्ञोपवीत के अवसर पर सुनाई पड़ते हैं और कभी विवाह के अवसर पर गाये जाते हैं। इसीलिये इनको जनेऊ तथा विवाह के गीतों से मैंने पृथक् कर दिया है। विषय की दृष्टि से विचार करने पर यद्यपि ये विवाह के गीतों के अन्तर्गत आ सकते हैं परन्तु इन गीतों में अन्य विषयों का भी मिश्रण होने के कारण विवाह के अन्तर्गत इन्हें रखना मैंने उचित नहीं समझा।

झूमर के गीतों में संयोग तथा वियोग दोनों प्रकार के शृङ्गार का वर्णन पाया जाता है। कहीं पर पति के साथ भोग-विलास करने का वर्णन पाया जाता है तो कहीं पर वियोग के कारण विरह-विधुरा स्त्री का प्रलाप पाषाण-हृदय को भी पिघला देता है। पति के परदेश जाते समय एक स्त्री का अपने पति से निवेदन कितना मर्मस्पर्शी है।

"पियवा जे चलेला उतरि बनिजरिया, कि केई रे छइहें ना।
मोरा उजड़ल बँगलवा, कि केई रे छइहें ना॥"

जहाँ पर वियोग की विषाद-रेखा नहीं है वहाँ पर बड़े ही मनोरंजक भाव देखने को मिलते हैं। अपनी नाक की झूलनी के भूल जाने पर कोई स्त्री कहती है कि:—

"ना जानो यार झूलनी मोरा काहाँ गिरा।
पनिया भरन जाऊँ राजा ना जानो;
वहाँ गिरा न जानो, यहाँ गिरा ना जानो॥"

कहीं पर संयोग और वियोग के पचड़े को छोड़कर हम किसी बाज़ार का रोचक वर्णन इन गीतों में पाते हैं। जैसे—

"कदम बजार में क्या क्या बिकतु है,
एक निबुआ, एक अनार दिल जनिया।

काई करन को निबुआ विकतु है,
काई करन को अनार दिल जनिया।'

यहाँ पर कुछ चुने हुए झूमर पाठकों के सन्मुख प्रस्तुत किये जाते हैं—

सन्दर्भ—परदेश जाते हुए पति से स्त्री की प्रार्थना तथा दुष्ट देवर की निन्दा

(१६६)

पियवा जे चलेला उतर बनिजरिया,[1] कि केई रे छइहें ना।
मोरा उजड़ल बँगलवा, कि केई रे छइहें[2] ना ॥१॥ टेक॰
घरवा त बाड़ी धनी छोटका रे भइया; कि उहे छइहें ना।
तोरा उजड़ल बँगलवा, कि उहे छइहें ना ॥२॥
देवरा के छावल मन ही ना भावे,[3] कि तीलि[4] तीलि ना।
देवर बूना[5] टपकावे, कि तीलि तीलि ना ॥३॥
जब तुहुँ ए पिया जइब विदेसवा, कि केई रे सोइहें ना।
मोरा डासलि[6] सेजिया, कि केई रे सोइहें ना ॥४॥
घरवा त बाड़े धनी छोटका देवरवा, कि उहे रे सोइहें ना।
तोरी डासलि सेजिया, कि उहे रे सोइहें ना ॥५॥
देवरा के सोवला मन ही ना भावे कि तीलि तीलि ना।
देवरा डाँड़वा[7] चलावे, कि तीलि तीलि ना ॥६॥
जब तुहुँ ए पिया जइब बिदेसवा कि केई रे चभिहें[8] ना।
मोरा लावल बिरवा, कि केई रे चभिहें ना ॥७॥
धारावा त बाड़े धनी छोटका देवरवा, कि उहे[9] रे चभिहें ना।
तोरा लावल बिरवा, कि उहे रे चभिहें ना ॥८॥
देवरा के चाभल मन ही ना भावे, कि तीलि तीलि ना।
देवर मुसुकि[10] चलावे, कि तीलि तीलि ना ॥९॥

---

[1]बनजारा, व्यापार करने के लिये। [2]मरम्मत करेगा। [3]अच्छा लगता है। [4]बारबार। [5]बूँद। [6]बिछायी हुई। [7]कमर। [8]खायेगा। [9]वही। [10]मुस्करा करके।

किसी स्त्री का पति परदेश जा रहा है। तब वह स्त्री कह रही है कि पति उत्तर देश को वाणिज्य कर्म अर्थात् व्यापार करने को जा रहा है। मेरे उजड़े हुए बँगले की कौन मरम्मत करायेगा ॥ १ ॥

तब पति ने उत्तर दिया कि घर में मेरा छोटा भाई है। वही तुम्हारे उजड़े हुए बँगले की मरम्मत करा देगा ॥ २ ॥

स्त्री ने कहा कि देवर के द्वारा की गई मरम्मत मुझे अच्छी नहीं लगती क्योंकि बँगला मरम्मत करने पर भी चूता रहता है और उससे बूँदे गिरा करती हैं ॥ ३ ॥

स्त्री ने फिर पूछा कि जब तुम विदेश जाओगे तब मेरे पास कौन सोवेगा। मेरी बिछाई हुई सेज को कौन सुशोभित करेगा। पति ने कहा कि घर में तुम्हारा देवर है वही तुम्हारे साथ सोयेगा ॥ ४ । ५ ॥

इस पर स्त्री ने उत्तर दिया कि देवर के साथ सोना मुझे अच्छा नहीं लगता। वह मेरे मन को नहीं भाता। क्योंकि वह सुरत के अवसर पर बार बार अपने डाँड़ (कमर) को चलाया करता है ॥ ६ ॥

स्त्री ने फिर पूछा कि जब तुम विदेश जाओगे तब मेरे द्वारा लगाये गये पान के बीड़े को कौन खायेगा। पुरुष ने कहा कि घर में तुम्हारा छोटा देवर है। वही उस पान को खायेगा ॥ ७ । ८ ॥

स्त्री ने उत्तर दिया कि देवर का पान खाना मुझे अच्छा नहीं मालूम होता। क्योंकि वह बार-बार मुझे देख कर मुसकराता रहता है ॥ ६ ॥

सन्दर्भ—पति के धन कमाने पर स्त्री का शृङ्गार तथा धन न रहने पर शृङ्गार का अभाव

(१६७)

जब रे सोनरवा के लगली नोकरिया; उठावे लगले कोठा बँगलवा रे।
सियावे लगले चोली बन्द अँगिया; गढ़ावे लगले बाजुबन अँगिया रे॥१॥
जब रे सोनरवा के छुटली नोकरिया; ढाहाए लगले कोठा बाँगाला रे।
बेचाये लगले चोली बन अँगिया रे; तुरावे लगले बाजुबन तिलरी रे॥२॥

जब सोनार की नौकरी लग गई तब वह कोठा और बँगला उठाने लगा। अपनी स्त्री के लिये चोली सिलाने लगा और बाजूबन्द गढ़ाने लगा ॥ १ ॥

जब सोनार की नौकरी छूट गई तब वह गरीबी के मारे कोठा और बँगला ढहाने लगा, और उसने चोली बेंच दी तथा हाथ का बाजू बन्द तुड़वा दिया ॥ २ ॥

सन्दर्भ—पत्नी की पति से सुन्दर घर बनाने की प्रार्थना

(१६८)

चार महीना जाड़ाकाल पड़तु है; थर थर काँपे करेजवा।
बलमु[1] जड़ा कोठा उठा दो जी ॥१॥
चार महीना गरमी पड़तु है; टप टप चुवेला[2] पसेनवा।
बलमु जड़ा[3] पंखा डोला[4] दो जी ॥२॥
चार महीना बरसात पड़तु है; टप टप चुवेला बुनवा[5]।
बलमु जड़ा बंगला छवादो[6] जी ॥३॥

कोई स्त्री अपने पति से कह रही है कि चार महीना सख्त जाड़ा पड़ता है और मेरा कलेजा थर-थर काँपता है। अतएव ऐ पति! मेरे लिये एक कोठा उठा दो जिसमें मैं सुख-पूर्वक रह सकूँ ॥ १ ॥

वह फिर कहती है कि चार महीना गर्मी पड़ती है और टप-टप पसीना चूता रहता है। ऐ पति! जरा पंखा झला करो ॥ २ ॥

चार महीने तक वर्षा होती रहती है। वर्षा के कारण पानी की बूँदें गिरती रहती हैं। घर में रहने का स्थान नहीं है अतएव ऐ पति! मेरे बँगले की मरम्मत करवा दो जिससे सुख पूर्वक रहूँ ॥ ३ ॥

---

[1]पति। [2]चूता है, गिरता है। [3]ज़रा। [4]हिलाना। [5]पानी की बूँदें। [6]मरम्मत करा दो ॥

सन्दर्भ—प्रोषितपतिका का विरह वर्णन

(१६६)

आकड़ि फोरि फोरि महला उठवलों; कंचन के दरवाजा हो ।
नाहिं आवे नाहिं आवे; नहिं आवे सहिजादा[१] हो ॥१॥
आपु ना आवे पिया चिठियो[२] ना भेजे; मोरे जियरा[३] ललचावे हो।
नाहीं आवे पक्की सड़क पर घोड़ा; दउरावे[४] पगड़ी के पेचवा हो ॥२॥
नाहीं आवे सुरुकी चिलमिया[५] तलफी; तमकुवा[६] गुड़गुड़ावे हो ।
नाहिं आवे नाहिं आवे; नाहिं आवे सहजादा हो ॥३॥
लँवग चुनि चुनि सेज डसायों;[७] ओपर फूल छितरावे हो ।
सेजियो ना सोवेला, मुखहुँ ना बोले; मोर जियरा ललचावे हो ॥४॥
नाहिं आवे नाहिं आवे; नाहिं आवे सहजादा हो ॥

किसी स्त्री का पति परदेस चला गया है। उसके वियोग में वह कह रही है मैंने बड़े परिश्रम से महल उठाया। उसमें सोने का दरवाजा लगाया। परन्तु फिर भी मेरा पति नहीं आता है॥ १ ॥

न तो वह स्वयं आता है और न कोई चिट्ठी ही लिखता है। मेरे चित्त को वह ललचाता है। पक्की सड़क न होने से इस गाँव तक घोड़ा भी नहीं आ सकता (जिस पर चढ़ कर मेरा पति आ सके)। न मालूम कहाँ वह घूमता फिरता होगा॥ २ ॥

वह यहाँ नहीं आ रहा है। कहीं पर वह गुड़-गुड़ करता हुआ तम्बाकू पी रहा होगा। वह कितना हू बुलाने पर नहीं आता॥ ३ ॥

स्त्री कहती है कि मैंने लवँग के फूलों को चुन-चुन कर यह सेज डसाया है और उन फूलों को इस सेज पर बिखरा दिया है। न तो मेरे सेज पर सोता है और न मुख से बोलता है॥ ४ ॥

---

[१]शाहजादा (कुँवर)। [२]पत्र। [३]हृदय। [४]दौड़ाता है। [५]चिलम। [६]तम्बाकू। [७]बिछाया।

सन्दर्भ—सौत को लेकर परदेश से लौटे हुए पति को पत्नी का उलाहना

(१७०)

आरे बरहो बरिस पर आना; पींजड़ा लिये साथ ॥१॥
दिल का दरद ना जाना—टेक ।
आरे पिजड़ा खुटिन[1] पर टाँगो; जहाँ रहो तहाँ साथ ॥२॥
दिल का दरद०
आरे बरहो बरिस पर आना; गजरा लिये साथ ॥३॥
दिल का दरद०
आरे यह गजरा[2] खुटिन पर टाँगो; जहाँ रहो तहाँ साथ ॥४॥
दिल का दरद०
आरे बरहो बरिस पर आना; सवतिनि[3] लिये साथ ॥५॥
दिल का दरद०
आरे सवती महल बैठाया; जहाँ रहो वहाँ साथ ॥६॥
दिल का दरद ना जाना ।

कोई स्त्री अपने परदेस से आये हुए पति से कह रही है कि तुम अपने साथ पिंजड़ा लेकर आज बारह वर्ष के बाद आ रहे हो । तुम मेरे दिल के दर्द को नहीं जानते हो ॥ १ ॥

उस पिंजड़े को खूँटी पर टाँग दिया है और जहाँ जाते हो साथ लिये फिरते हो ॥ २ ॥

तुम बारह वर्ष के बाद आये और अपने साथ सुन्दर माला लेते आये हो ॥ ३ ॥

इस माला को खूँटी पर टाँग दिया है और जहाँ जाते हो साथ लिये फिरते हो ॥ ४ ॥

---

[1]खूँटी । [2]माला । [3]सपत्नी ।

तुम तो बारह वर्ष के बाद आये और उस पर भी अपने साथ मेरी एक सौत लेते आये हो तुम मेरे दिल के दर्द को बिलकुल नहीं जानते हो ॥ ५ ॥

तुमने सौत को महल में रख दिया है और जहाँ जाते हो उसे अपने साथ लिये फिरते हो इस प्रकार तुम मेरे दिल के दर्द को बिल्कुल ही नहीं जानते हो ॥ ६ ॥

इस गीत में कितनी करुणा भरी हुई है। करुणरस की धारा से यह आप्लावित हो रहा है। पति का स्त्री के जीते हुए सौत को लाना उसकी हृदय-हीनता का सूचक है। इसके लिये स्त्री का उपालम्भ कितना मधुर तथा व्यङ्ग्य पूर्ण है।

सन्दर्भ—एक सखी की उक्ति दूसरी भाग्यशालिनी सखी के प्रति

(१७१)

गोरी के ससुर कचहरी में झलकेला; जइसन डिपिटी दरोगा।
गोरिया तोरे नैना नींद भये मतवाले ॥ टेक ॥
गोरी के भसुर कचहरी में चमकेला, जइसन वलिस्टर दरोगा।
गोरी तोरे नैना० ॥२॥
गोरी के देवर शहरिया में झलकेला; जइसन कलट्टर दरोगा।
गोरिया तोरे नैना नींद भये मतवाले ॥ ३ ॥

एक सखी किसी से कह रही है कि इस स्त्री का ससुर कचहरी में काम करते हुए ऐसा सुशोभित होता है जैसे डिप्टी और पुलिस के दारोगा अच्छे लगते हैं। ऐ गोरी! तेरी आँखें नींद के कारण मतवाली हो रही हैं ॥ १ ॥

इस गोरी का भसुर बैरिस्टर और दारोगा की तरह और इसका देवर शहर में ऐसा अच्छा लगता है जैसे कलक्टर और दारोगा अच्छा लगते हैं ॥ २ । ३ ॥

सन्दर्भ—अन्यत्र दुःख पूर्वक दिन काटकर भी बुरे शहर में न रहने का एक सखी का दूसरी सखी को उपदेश

(१७२)

बदनामी सहरिया[1] में ना रहना ॥ टेक ॥
पुड़ी मिठाई के गम[2] मत करना; सुखली सतुइया[3] गुजर करना ।
बदनामी०
साला, दोसाला को गम मत करना; लुगरी[4] फटहिया गुजर करना ।
बदनामी०
कोठा अमारी के गम मत करना; टुटही मेड़ुकिया[5] गुजर करना ।
बदनामी सहरिया०

जिस शहर में रहने से बदनामी हो उसमें नहीं रहना चाहिये । पूड़ी और मिठाई की चिन्ता नहीं करनी चाहिये बल्कि सत्तू खाकर ही अपना गुजर कर लेना चाहिये ॥ १ ॥

शाल तथा दोशाले की परवाह न कर फटे हुए कपड़े पहिन कर समय बिताना अच्छा है परन्तु बदनामी शहर में नहीं रहना चाहिये ॥ २ ॥

कोठा तथा सुन्दर मकान में रहने की चिन्ता नहीं करनी चाहिये बल्कि टूटे हुए छोटे मकान में ही अपना गुजर कर लेना चाहिये लेकिन जिस शहर में रहने से बदनामी हो वहाँ कदापि न रहे ॥ ३ ॥

सन्दर्भ—झूलनी का कहीं गिर जाना । स्त्री की उक्ति पति के प्रति

(१७३)

ना जाने यार झुलनी[6] मोरा काहाँ गिरा ॥ टेक ॥
पनिया[7] भरन जाऊँ, राजा ना जानो ।
यहाँ गिरा ना जानो, वहाँ गिरा ना जानो ॥
ना जानो यार डोरिये[8] में लिपट गया ॥ १ ॥

---

[1]शहर । [2]चिन्ता । [3]सत्तू । [4]फटा कपड़ा । [5]टूटा मकान । [6]नाक का गहना । [7]पानी । [8]रस्सी ।

रोटिया पोवन[1] जाऊँ, राजा ना जानो।
यहाँ गिरा ना जानो; वहाँ गिरा ना जानो ॥
ना जानो यार बेलने[2] में लिपट गया ॥ २ ॥
सेजिया सोवे जाऊँ, राजा ना जानो।
यहाँ गिरा ना जानो, वहाँ गिरा ना जानो ॥
ना जानो यार सेजिया[3] में लिपट गया ॥ ३ ॥
ना जानो यार झुलनी मोरा काहाँ गिरा ॥

किसी स्त्री की नाक की झुलनी खो गयी है। इस पर वह कह रही है कि मैं नही जानती कि मेरी झुलनी कहाँ गिर गई। वह कहती है कि ऐ पति! मैं पानी भरने के लिये कुंवे पर गई थी। शायद मेरी झुलनी रस्सी में लिपट कर गिर गई ॥ १ ॥

ऐ पति! मैं रोटी पकाने के लिये गई थी। मुझे यह नहीं मालूम कि मेरी झुलनी कहाँ पर गिर पड़ी। शायद वह बेलने में लिपट गई हो ॥ २ ॥

ऐ पति! मैं सेज पर सोने के लिये गई थी। शायद मेरी झुलनी चारपाई के बिस्तर में कहीं लिपट गई है। अतः मुझे मालूम नहीं कि मेरी झुलनी कहाँ खो गई है ॥ ३ ॥

इस गीत में जो मिठास है उसे इस जड़ लेखनी द्वारा व्यक्त करना कठिन है। इसकी मिठास का अनुभव तभी हो जब दो-चार स्त्रियाँ कोरस में इसे गावें।

सन्दर्भ—किसी कुलटा का कुकर्म वर्णन

(१७४)

माह सड़क पर बाँगाला[4], चढ़ि बइठे नवाब।
कइसे के मारो नजरिया ॥ टेक ॥

---

[1]रोटी बनाना। [2]रोटी बेलने का लम्बा, चिकना गोला काठ-खण्ड। [3]सेज (चारपाई)। [4]बँगला।

बैरी सब लोग, बैरी सब लोग, कइसे के मारो नजरिया।
बारह बने की अँगिया, बन[1] लागे हजार ॥ १ ॥
कइसे के मारो नजरिया ॥
सासु का अइली जड़इया[2]; ननदी का बोखार[3]।
सइयाँ का होला रतवन्ही[4]; दिन सूझे न राति ॥ २ ॥
कइसे के मारो नजरिया ॥
कथी[5] से झाड़ों जड़इया; कथी से झाड़ों बोखार।
कथी से झाड़ों रतवन्ही; दिन सूझे न राति ॥ ३ ॥
कइसे के मारो नजरिया ॥
झाड़ू से झारों जड़इया, बढ़नी से बुखार।
योवन[6] से झारों रतवन्ही; दिन सूझे न राति ॥ ४ ॥
कइसे के मारो नजरिया ॥

कोई स्त्री कहती है कि सड़क के ठीक ऊपर नवाब साहब का बँगला है जिसमें वह बैठा रहता है अतः मैं अपने कटाक्ष से किसी को कैसे मारूँ ॥

मेरे कपड़े में हज़ारों बन्द लगे हुए हैं। सब लोग मेरे वैरी हो गये हैं, अतः नज़र कैसे चलाऊँ ॥ १ ॥

मेरी सास को जाड़ा लग गया है—जड़ैया आ रही है। ननद को बुखार आ रहा है। पति को आँख से दिखाई नहीं पड़ता अतः दिन, रात में कुछ भी नहीं सूझता ॥ २ ॥

मैं जड़ैया किस चीज़ से झाड़ूँ। बुखार को कैसे उतारूँ। किस चीज़ से अपने पति की रतौंधी दूर करूँ क्योंकि उसे दिन तथा रात में कुछ भी नहीं सूझता है ॥३॥

फिर कुढ़ कर वह कहती है कि मैं सास की जूड़ी तथा ननद के बुखार को झाड़ू से उतारूँगी। अपने स्तनों के द्वारा पति की रतौंधी (अन्धेपन) को दूर करूँगी ॥ ४ ॥

---

[1]बन्द। [2]जूड़ी। [3]बुखार। [4]रात को कम दिखाई पड़ने वाला रोग। [5]किस वस्तु से। [6]जवानी या स्तन।

सन्दर्भ—मार्ग में जाते समय पत्नी की उक्ति पति के प्रति

(१७५)

रसिया[1] गाड़ी चलत मोरा भूख लगतु[2] है, पेड़ा है मथुरा को।
रसिया गाड़ी चलत मोरा प्यास लगतु है; गडुवा[3] है गंगा को ॥ १ ॥
रसिया गाड़ी चलत मोरा ओठ सुखतु है; ककड़ी है आगरे को।
रसिया गाड़ी चलत मोरा नींद लगतु है; सेज[4] है पटने को ॥ २ ॥

कोई स्त्री कह रही है कि ऐ प्रेमी पति ! गाड़ी चलते समय मुझे भूख लग रही है। तब पति कह रहा है कि मथुरा का पेड़ा रक्खा है, उसे खाओ। फिर स्त्री कहती है कि मुझे प्यास लगती है तब पति उसे गंगाजल पीने को देता है ॥ १ ॥

पत्नी के यह कहने पर कि मेरा ओठ सूख रहा है पति उसे आगरे की ककड़ी खाने को देता है। जब स्त्री नींद लगने की बात कहती है तब पति कहता है कि पटना से पलँग मँगा कर मैंने रक्खा है उस पर सो जाओ ॥ २ ॥

इस गीत में भौगोलिक महत्त्व की एक वस्तु है और वह है अनेक शहरों में होने वाली प्रसिद्ध चीज़ों का नाम। पति ने मथुरा से पेड़ा, आगरा से ककड़ी, पटना से पलंग तथा गंगाजल मँगाकर रक्खा है। आज भी ये उपर्युक्त स्थान इन वस्तुओं के लिये प्रसिद्ध हैं। मथुरा के पेड़े को कौन नहीं जानता ? इनकी प्रसिद्धि दूर तक फैली हुई है। आगरे की ककड़ी पतली तथा मुलायम होने के लिये बहुत दिनों से प्रसिद्ध है। आज से कई सौ वर्ष पहिले होने वाले उर्दू के एक कवि ने निम्नांकित पंक्तियों में आगरे की ककड़ी का क्या ही सुन्दर वर्णन किया है।

"हैं कैसी प्यारी प्यारी ये आगरे की ककड़ी—टेक
लैला की अँगुलिया हैं, मजनूँ की पसलियाँ है।
हैं कैसी प्यारी प्यारी, ये आगरे की ककड़ी ॥"

---

[1]प्रेमी। [2]लगता है। [3]जल। [4]पलंग।

सन्दर्भ—स्त्री के शरीर तथा लावण्य का वर्णन पति की उक्ति पत्नी के प्रति

(१७६)

तुम्हें कोई ले ना जाई—टेक
केसिया[1] तो है तोरे रेसम के लरछा[2], तेलवा के वड़ी अतिवार[3]।
आँख तो है तोरे आम के कतरा, सुरुमा के वड़ी अतिवार ॥ १ ॥
तुम्हें कोई०
दाँत तो हैं तोरे अनार के दाना, मीसिया[4] के वड़ी अतिवार।
जोवन तो है तोरे सुइया नखुनवा[5], चोलिया के वड़ी अतिवार ॥ २ ॥
तुम्हें कोई ले ना०
डाँड़[6] तो है तोरे सींकी[7] अइसन[8] पातर[9], लाहाँगा[10] के वड़ी अतिवार
तुम्हें कोई ले ना जाई ॥ ३ ॥

कोई पति अपनी प्रेमिका से कह रहा है कि मुझे डर है कि कोई तुम्हारे सौन्दर्य पर मुग्ध होकर ले कर न चला जाय। ऐ प्रिये! तुम्हारे बाल तो रेशम के सूत के समान लम्बे हैं जिनमें तेल लगाने पर बड़ा सुन्दर मालूम होता है। तुम्हारी आँख आम के टुकड़े के समान है जिनमें सुरमा बड़ा अच्छा लगता है ॥ १ ॥

तुम्हारे दाँत अनार के दाने के समान हैं जिनमें काली मिस्सी अच्छी लगती है। तुम्हारे स्तन सुई के समान तेज तथा नोकीले हैं जो चोली पहिनने पर सुन्दर लगते हैं ॥ २ ॥

ऐ प्रिये! तुम्हारी कमर इतनी पतली है जितनी सींक जो लहँगा पहिनने पर अत्यधिक सुशोभित होती है। इन्हीं सुन्दरताओं के कारण मुझे डर है कि कोई तुम्हें लेकर भाग न जाय ॥ ३ ॥

---

[1]बाल। [2]लम्बा सूत। [3]अच्छा लगना। [4]दाँत में लगाने का काला पाउडर। [5]नाखून, तीक्ष्ण। [6]कमर। [7]सरकण्डा। [8]ऐसा। [9]पतला। [10]लहँगा।

सन्दर्भ—पति-पत्नी का कलह वर्णन

(१७७)

सँवलिया से हम से नाहीं बनी रे। टेक—
बोलाव सोनरा के गढ़ाव ककना रे।
बोलाव दरजी के सियाव चोलिया रे॥ १॥ सँवलिया०
बोलाव मलिया के गुहाव गजला रे।
बोलाव देवरा के लगाव बीड़वा रे॥ २॥ सँवलिया०
बोलाव ननदी के डँड़िया फानाव रे
हम जाइब नइहरवा आजु रे॥ ३॥ सँवलिया०

स्त्री कहती है कि पति से मुझ से नहीं पटती है। दरजी को बुला कर मैं अपनी चोली सिलाऊँगी तथा सोनार को बुला कर ककना बनवाऊँगी॥ १॥

माली को बुलाकर माला तथा देवर को बुलाकर पान का बीड़ा बनाऊँगी॥ २॥

ननद को बुलाकर पालकी में बैठ जाऊँगी क्योंकि आज मैं अपने मायके जाऊँगी॥ ३॥

सन्दर्भ—कुलटा का चरित्र-चित्रण

(१७८)

बेर बेर बरजों[1] यार निबुआ[2] जनि लगाव रे। टेक—
नीबू चार गिरे यार मोरे अँगनइया[3]।
निबुआ के डाढ़[4] यार मोरे अँगनइया॥ १॥
बेर बेर बरजों यार मोरे अँगनइया।
बेर बेर बरजों यार कुँइयाँ[5] जनि खनाव[6] रे।
घरिल[7] चार गिरे यार मोरे अँगनइया॥ २॥
बेर बेर बरजों यार पोखरा[8] जनि खोनाव रे।
धोती चार गिरे यार, मोरे अँगनइया॥ ३॥

---

[1]मना किया। [2]नीबू। [3]आँगन में। [4]शाखा। [5]कुँआ। [6]खनाना। [7]घड़ा। [8]तालाब।

वेर वेर बरजों यार, बहिन जनि बोलाव रे।
गुण्डा चार आवें यार मोरे अँगनिया ॥ ४ ॥

अर्थ स्पष्ट है। अन्तिम दो पंक्तियों में पत्नी की परिहास-प्रियता देखने योग्य है।

सन्दर्भ—प्रेमी-प्रेमिका का वार्तालाप

(१७९)

तोरे कारन बदनाम रे सँवलिया—टेक
जैसे कचहरी में कलम चलतु है।
वैसे चलवि तोरा साथ रे सँवलिया ॥१॥
जैसे सड़क पर एक्का चलतु है।
वैसे चलवि तोरा साथ रे सँवलिया[1] ॥२॥
जैसे कुँवन[2] में घड़ा डुबतु है।
वैसे डुबवि[3] तोरे साथ रे सँवलिया ॥३॥
तोरे कारन बदनाम रे सँवालिया ॥

कोई प्रेमिका अपने प्रेमी से कह रही है कि मैं तुम्हारे कारण ही इतनी बदनाम हो गई हूँ।

जिस प्रकार कचहरी में कलम सदा चलती रहती है अर्थात् हाथ में लगी हुई चलती है उसी प्रकार मैं तुम्हारे संग में लगकर साथ-साथ चलूँगी ॥ १ ॥

जिस प्रकार सड़क पर इक्का चलता है उसी प्रकार मैं तुम्हारे साथ चलूँगी ॥२॥

जिस प्रकार कुँए में घड़ा डूब जाता है उसी प्रकार मैं तुममें डूब जाऊँगी अर्थात् तुममें तल्लीन हो जाऊँगी ॥ ३ ॥

सन्दर्भ—किसी कुलटा का कामुक से निवेदन

(१८०)

ए राजा पइयाँ परूँ। टेक
मुझे दे दो एक सुन्दर रूमाल, ए राजा पइयाँ परूँ।

---

[1] प्रियतम। [2] कुआँ। [3] डूब जाऊँगी।

खाने को चाही राजा पूड़ी मिठाई, पिये को चाही सराब ॥१॥
ए राजा पइयाँ परूँ।
सोने को चाही राजा लाली पलँगिया, उस पर सुन्दर जवान।
मुझे दे दो एक सुन्दर रूमाल, ए राजा पइयाँ परूँ ॥२॥

कोई स्त्री अपने पति से कह रही है कि ऐ पति मैं तुम्हारे पैरों पर पड़ती हूँ। मुझे एक सुन्दर रूमाल दे दो। ऐ राजा मुझे खाने के लिये पूड़ी और मिठाई चाहिये और पीने के लिये शराब चाहिये ॥ १ ॥

मुझे सोने के लिये एक लाल पलँग चाहिये और उस पर मेरे साथ सोने के लिये तुम्हारे समान एक सुन्दर जवान चाहिये। मैं तेरे पाँव पड़ती हूँ। मेरी इस इच्छा की पूर्ति कर दो ॥ २ ॥

सन्दर्भ—पत्नी का पति से निवेदन

(१८१)

मोरे जाड़ा लागेला—टेक
गवना करवले, घर बइठवले, अपने चलेले परदेश।
जाड़ा लागेला महाराज जी, मोके बैदा[1] बोला[2] द ॥१॥
काहाँवा के हवे रे बैदा छोकड़ावा,[3] काहाँवा के हवे हकीम।
मोरे जाड़ा लागेला ॥२॥
कासी के हवे बैदा छोकरवा, दिल्ली के हवे[4] हकीम।
बैदा बोलादे महाराज जी, मोरे जाड़ा लागेला ॥३॥

कोई स्त्री कहती है कि मेरा पति गवना करा करके और मुझे घर बैठा करके स्वयं परदेश चला गया है। वह रसोइया से कहती है कि मुझे जूड़ी बुखार आ रहा है। अतः कोई वैद्य अथवा हकीम बुला दो ॥ १ ॥

मालकिन के कहने पर महाराज ने वैद्य तथा हकीम को बुला दिया। तब वह स्त्री पूछती है कि यह नवयुवक वैद्य तथा हकीम कहाँ के रहने वाले हैं ॥२॥

[1]वैद्य। [2]बुला दो। [3]नवयुवक। [4]है।

महाराज ने उत्तर दिया कि वैद्य जी काशी के हैं और हकीम जी दिल्ली से बुलाये गये हैं ॥ ३ ॥

सन्दर्भ—धन गर्विता स्त्री का पति से निवेदन

(१८२)

मैं राजा रानी की बेटी; कहो जुरबाना करा दो जी।
पक्की सड़क पर कंकड़ बिछा दो; उस पर चले मोटर गाड़ी ॥१॥
दिल्ली से खबरिया मँगा दो जी।
बाग लगा दो, बगइचा लगा दो; उस पर बैठा दो कोईलिया जी।
प्रेम की सबदिया सुना दो जी ॥२॥

मैं राजा तथा रानी की बेटी हूँ। मैं किसी पर जुर्माना करा सकती हूँ। ऐ पति! पक्की सड़क पर कंकड़ बिछा दो और उस पर मेरी मोटर गाड़ी चला दो। दिल्ली से नई नई खबरें मँगा दो ॥ १ ॥

ऐ पति! मेरे लिये बाग लगा दो तथा उस पर एक सुन्दर कोयल बैठाओ जिससे मैं उसकी प्रेम भरी मधुर आवाज़ सदा सुन सकूँ ॥ २ ॥

सन्दर्भ—किसी कुलटा का अपने रूप का वर्णन

(१८३)

मोरा गोरा बदन पर सब ललची[1]। टेक—
बगइचावा[2] में जाऊँ बगइच ललची।
बजरिया[3] में सब लोग ललची ॥ १ ॥
मोरा गोरा बदन०
राह चलत सब लोग ललची।
आँगन चलत तो देवरवा ललची ॥ २ ॥
मोरा गोरा बदन०
सेजिया पर जाऊँ तब सइयाँ ललची।
जब पान खाऊँ बलमुआँ[4] ललची ॥ ३ ॥
मोरा गोरा बदन पर सब ललची ॥

---

[1]लालच करना। [2]वाटिका। [3]बाजार। [4]प्रेमी पति।

कोई रूप गर्विता स्त्री कह रही है कि मेरे सुन्दर बदन को देखकर सब लोग लालच करते हैं। जब मैं बगीचा में जाती हूँ तब बगीचा का रक्षक मुझे देखकर लालायित होता है तथा बाजार में जाने पर सब लोग लालच करते हैं ॥ १ ॥

रास्ते में चलते समय सब लोग लालायित होते हैं तथा जब आँगन में घूमती हूँ तो दुष्ट देवर भी देख कर लालच करता है ॥ २ ॥

जब शय्या पर सोने के लिये जाती हूँ तब मेरा पति ललचता है और मेरे पान खाने पर बलमा मुझे पाने की इच्छा से लालायित रहता है ॥ ३ ॥

इस स्त्री का सौन्दर्य कितना अधिक है जिसे पाने के लिये सब लोग लालच करने लगते हैं।

सन्दर्भ—कन्या का ससुराल के कष्टों का वर्णन

(१८४)

नइहरवा में ठंडी बयार, ससुरवा मैं ना जाऊँ हो।
ससुरा में मिलेला जउवा[1] के रोटिया; नइहरवा में पूड़ी हजार ॥१॥
ससुरवा मैं ना जाऊँ हो।
ससुरा में मिलेला साग सतुइया[2]; नइहरवा में धाने[3] के भात।
नइहरवा में अजब बहार; ससुरवा मैं ना जाऊँ हो ॥ २ ॥
ससुरा में मिलेला फटही लुगरिया[4]; नइहरवा में सोरहो सिंगार।
नइहरवा हमेसा[5] बहार; ससुरवा मैं ना जाऊँ हो ॥ ३ ॥
ससुरा में मिलेला लात[6] अवरू मूका[7], नइहरवा में मीठी सी बात।
नइहरवा में भरल[8] उछाह[9], ससुरवा मैं ना जाऊँ हो ॥ ४ ॥

किसी स्त्री का विवाह एक गरीब घर में हो गया है। वह वहाँ के कष्टों का वर्णन करते हुए यह कहती है कि मैं अब अपनी ससुराल नहीं जाऊँगी

---

[1]जौ। [2]सत्तू। [3]चावल। [4]कपड़ा [5]सर्वदा। [6]पैर। [7]घूँसा। [8]भरा हुआ। [9]आनन्द।

क्योंकि मायके में ठण्डी हवा खाने को मिलती है परन्तु ससुराल में पर्दे में रहने के कारण हवा भी कभी शरीर में नहीं लगने पाती है ॥ १ ॥

मेरी ससुराल में जौ की सूखी रोटियाँ खाने को मिलती है परन्तु मायके में पूरी प्रचुर मात्रा में भोजन के लिये मिलती है। ससुराल में साग और सत्तू (भुने हुए चने का आटा) मिलता है परन्तु मायके में चावल का भात (जौ, सांवां आदि का नहीं) खाने को मिलता है, इस प्रकार मायके में अजब बहार रहती हैं ॥ २ ॥

ससुराल में पहिनने को फटा हुआ कपड़ा मिलता है परन्तु मायके में सोलहो शृंगार की वस्तुएँ उपलब्ध हैं। इस प्रकार मायके में सर्वदा बहार रहती है ॥ ३ ॥

ससुराल में ननद और सास सदा पैर और घूसे से मारती रहती हैं परन्तु मायके में सर्वदा मीठी-मीठी बातें सुनने को मिलती हैं। इस प्रकार मायके में सर्वदा आनन्द ही आनन्द रहता है। अतः अपनी ससुराल मैं अब कभी नहीं जाऊँगी ॥ ४ ॥

इस गीत में किसी स्त्री की दुःखी आत्मा पुकार रही है। स्त्री के द्वारा ससुराल का दिया गया वर्णन कितना दुःख-जनक है। जहाँ न खाने को अन्न मिलता है और न पहिनने को सुन्दर कपड़ा, ऐसे स्थान को न जाना उस स्त्री के लिये अत्यन्त स्वाभाविक ही है। उस पर भी सास तथा ननद का लात और घूँसा ऊपर से खाने को मिलता है। कितना दुःखी जीवन है !

सन्दर्भ—पति-पत्नी का मिलन

(१८५)

नदिया तक हरी जी साथे चलीं। टेक—
उस नदिया पर भूख लगतु है, घीव के लडुइया लेकर चलीं !
उस नदिया पर प्यास लगतु है, गडुआ के पानी लेकर चलीं ॥ १ ॥
नदिया तक हरी जी०

उस नदिया पर ओठ सुखतु है, पान के बीरा लेकर चलीं।
उस नदिया पर नींद लगतु है, तोसक तकिया लेकर चलीं ॥ २ ॥
नदिया तक हरी जी साथे चलीं।

इसका अर्थ अत्यन्त स्पष्ट है।

सन्दर्भ—पिता के घर से विदा होती हुई कन्या का पति से निवेदन

(१८६)

बलमुआ नइहरवा छोड़ा दिया रे। टेक
आमा छोड़ा दिया, बाबा छोड़ा दिया; चाचा छोड़ा दिया रे।
काका छोड़ा दिया, काकी छोड़ा दिया; भइया छोड़ा दिया रे ॥ १ ॥
बलमुआ नइहरवा०
भइया छोड़ा दिया, भऊजी छोड़ा दिया; सखिया छोड़ा दिया रे।
गाँव छोड़ा दिया, नगर छोड़ा दिया; सब कुछ छोड़ा दिया रे ॥ २ ॥
बलमुआ नइहरवा छोड़ा दिया रे ॥

जब किसी स्त्री का पति अपना गवना कराकर अपनी स्त्री के साथ जा रहा है तब वह स्त्री कह रही है कि मेरे पति ने मेरी माता, पिता, चाचा, काका, काकी तथा भाई से मेरा वियोग करा दिया ॥ १ ॥

उसने मुझे अपने भाई, भावज, सहेलियाँ, गाँव तथा नगर सब से पृथक् कर दिया क्योंकि वह आज मुझे अपने साथ लिये जा रहा है ॥ २ ॥

वास्तव में विवाह के बाद जब लड़की की बिदाई होती है तब लड़की को बड़ा ही दुःख मालूम होता है। अपने माता-पिता तथा सगे-संबंधियों के संग को छोड़ कर एक नवीन, अपरिचित युवक से नाता जोड़ना असंभव सा प्रतीत होता है। स्त्री के हृदय के उपर्युक्त भाव कितने स्वाभाविक हैं।

सन्दर्भ—गर्मी के कारण वधू का ससुर से पंखा माँगना

(१८७)

सँकरी[1] मोरी अँगनइया[2] हवा नहीं आवे। टेक—
कही पठाओ ओहि बारे ससुर से, घरवा में पंखा लगावे।
कही पठाओ ओहि बारे भसुर से, दुअरा[3] पर कोठा उठावे ॥ १ ॥
सँकरी मोरी०
कही पठाओ ओहि बारे देवर से, कोठा पर पंखा डोलावे[4]।
कही पठाओ ओहि बारे बालम से, फूल के सेजिया डसावे[5] ॥ २ ॥
सँकरी मोरी अँगनइया हवा नहीं आवे।

कोई स्त्री कह रही है कि मेरा आँगन बहुत ही छोटा है उसमें जरा भी हवा नहीं आती है। वह नौकर से कह रही है कि जाकर ससुरजी से कह दो कि घर में पंखा लगवा दो तथा भसुरजी को यह सूचित कर दो कि वे द्वार पर (मैदान में) मेरे लिये पक्का मकान बनवा दें ॥ १ ॥

देवर से जाकर कहो कि कोठा पर मुझको पंखा झले तथा पति को सूचित कर दो कि मेरे लिये एक सुन्दर पलंग बिछा दें जिस पर आराम से मैं सो सकूँ ॥२॥

सन्दर्भ—पति से पत्नी की बात-चीत

(१८८)

काहाँ से कूच किया, काहाँ पड़ाव किया;
काहाँ डेरा डाल दिया, हाय रे सँवलिया ॥१॥
छपरा से कूच किया, आरे पड़ाव किया;
बकसर डेरा डाल दिया, हाय रे सँवलिया ॥२॥
आटा भी सान दिया, पूड़ी भी छान दिया;
ऊपर मिठाई दिया, हाय रे सँवलिया ॥३॥
सेज भी डास दिया, नींद से सो लिया;
सवती सब रस ले लिया सँवलिया ॥४॥

---

[1]तंग। [2]आँगन। [3]दरवाजा। [4]झलना। [5]बिछाना।

अर्थ स्पष्ट है।

इस गीत में बिहार प्रान्त के तीन शहरों के नाम आये हैं। वे हैं छपरा, आरा और बक्सर। यदि छपरा से यात्रा की जाय तो पटना होकर पहिले आरा आना होता है फिर बक्सर मिलता है। अतः इस गीत में वर्णित यात्रा का क्रम बिल्कुल ठीक है।

सन्दर्भ—पति के द्वारा परित्यक्ता स्त्री का अपना हक लेने के लिये मुकदमा करना

(१८६)

सुन हो[1] सखि हम तो अदालत[2] करबों। टेक—
पहिली अदालत बक्सर में करबों; ससुर राउर माला उतार हम लेबों।
दूसरी अदालत आरा में करबों; भसुर राउर टोपी उतार हम लेबों ॥१॥
सुनहो सखि हम०
तीसरी अदालत पटना में करबों; देवर राउर पगरी[3] उतार हम लेबों।
चौथी अदालत कलकत्ता में करबों; सइयाँ राउर सेखी[4] उतार हम लेबों[5]॥२
सुन हो सखि हम तो अदालत करबों।

अपने घर वालों से सतायी हुई कोई नितान्त दुःखिता स्त्री कह रही है कि ऐ सखि! सुनो आज मैं (अपने पालन-पोषण के लिये उचित धन पाने के लिये) कचहरी में मुकदमा करूँगी। पहिला मुकदमा मैं बक्सर में करूँगी और अपने ससुर की माला (मर्यादा) को नष्ट कर दूँगी। दूसरा मुकदमा आरे में करूँगी तथा भसुर की टोपी उतार लूँगी अर्थात् उन्हें बेइज्जत करूँगी ॥ १ ॥

तीसरा मुकदमा मैं पटने में करूँगी तथा देवर की पगड़ी (इज्ज़त) उतार लूँगी। चौथा मुकदमा मैं कलकत्ता में करूँगी और अपने पति के घमण्ड को चूर-चूर कर दूँगी ॥ २ ॥

[1]सुनो। [2]मुकदमा। [3]इज्जत। [4]शेखी (घमंड)। [5]लूँगी।

देहातों में कभी-कभी ऐसी मुकदमेबाज़ियाँ देखने में आती हैं जहाँ एक पक्ष में एक धर्षिता अबला रहती है और दूसरी ओर उसके ससुर, भसुर और देवर आदि सारा परिवार। वह मुकदमेबाजी होती है एक बहुत ही तुच्छ वस्तु के लिये और वह है स्त्री के लिये भोजन खर्च का देना जिसे हमारी पूरब की भोजपुरी बोली में "खोरिस" कहते हैं।

सन्दर्भ—अन्य स्त्री के प्रेमपाश में फँस जाने के डर से कामुक पति से बगीचे या बाज़ार में न जाने के लिये स्त्री का निवेदन

(१६०)

मोह लेगी मलिनियाँ तुमको। टेक
सजन तुम बाग में मति जाना, मलिनियाँ[1] तुमको।
मोह लेगी मलिनियाँ तुमको॥ १॥
पेन्हाई[2] के फूल के गजरा[3] रे, आपन दिल तुमको।
कर लेगी मलिनियाँ तुमको॥ २॥
सजन तुम चौक में मति जाना, तमोलिनि[4] तुमको।
मोह लेगी तमोलिनि तुमको॥ ३॥
चभाई[5] के पान के बिरवा[6] रे, आपन दिल तुमको।
कर लेगी तमोलिनि तुमको॥ ४॥
सजन तुम चौक में मति जाना, पतरिया[7] तुमको।
मोह लेगी पतरिया तुमको॥ ५॥
सुलाई के फूल के सेजिया[8] रे; आपन दिल तुमको।
कर लेगी पतरिया तुमको॥ ६॥
मोह लेगी मलिनियाँ तुमको॥

कोई स्त्री अपने प्राण प्रिय पति से कह रही है कि ऐ पति! तुम बगीचा

---

[1]मालिन। [2]पहना कर। [3]माला। [4]तमोलिन (पान बेचने वाली स्त्री)। [5]खिला कर। [6]बीड़ा। [7]वेश्या। [8]शय्या (सेज)।

(वाटिका) में मत जाना क्योंकि वहाँ की सुन्दर मालिन तुम्हारे मन को मोह लेगी ॥ १ ॥

फूल की सुन्दर तथा सुगन्धित माला पहिना कर वह तुम्हारे हृदय को अपने वश में कर लेगी ॥ २ ॥

ऐ पति ! तुम चौक में मत जाना क्योंकि वहाँ की तमोलिन (पान बेचने वाली स्त्री) तुम्हारे मन को मोह लेगी ॥ ३ ॥

वह पान का बीड़ा तुम्हें खिला कर तुम्हारे दिल को अपने वश में कर लेगी ॥ ४ ॥

ऐ पति ! तुम चौक में मत जाना क्योंकि वहाँ सुन्दरी वेश्यायें तुम को मोह लेंगी ॥ ५ ॥

तुमको सुन्दर सेज पर सुलाकर, सब प्रकार का आनन्द देकर तुम्हारे हृदय को अपने वश में कर लेंगी ॥ ६ ॥

सती स्त्री की अपने पति को पथ-भ्रष्ट न होने देने की चिन्ता कितनी मर्मस्पर्शिनी है । इस गीत से मधुरता तथा सरसता चूई पड़ती है ।

सन्दर्भ—कुलटा के द्वारा किसी राही को मोह लेना तथा राही का उससे निवेदन

(१६१)

चलत मोसाफिर[1] मोह लिया रे पींजड़े वाली मुनिया । टेक०

उड़ उड़ बइठि हलुवइया दोकनिया[2], आरे बरफी के सब रस ले लिया रे।
पींजड़े वाली मुनिया ॥१॥

उड़ उड़ बइठि बाजाजवा दोकनिया, आरे कपड़ा के सब रस ले लिया रे।
पींजड़े वाली मुनिया ॥२॥

चलत मोसाफिर मोह लिया रे, पींजड़े वाली मुनिया ॥३॥

उड़ उड़ बइठि पनहेरिया[3] दोकनिया, आरे बीरा के सब रस ले लिया रे।
पींजड़े वाली मुनिया ॥४॥

---

[1]मुसाफिर (राही) । [2]दूकान । [3]पनहेरी (पान बेचने वाला) ।

उड़ उड़ बैठि साहुकारवा[1] दोकनिया; आरे छतिया के सब रस दे दिया रे।
पींजड़े वाली मुनिया[2] ॥५॥

चलत मोसाफिर मोह लिया रे; पींजड़े[3] वाली मुनिया ॥६॥

कोई पथिक पुरुष राह चलते समय किसी स्त्री को देखकर मोहित हो जाने पर उससे कह रहा है कि पींजड़े अर्थात् घर रूपी पींजड़े में रहने वाली मुनिया (स्त्री) तुमने मुझ राह चलते मुसाफिर के मन को मोह लिया है।

तुमने हलुवाई की दूकान पर बैठकर बरफी आदि सारी मिठाइयों का स्वाद चख लिया है ॥ १ ॥

बज़ाज की दूकान पर बैठ तुमने कपड़े का रस लिया है अर्थात् सुन्दर सुन्दर कपड़ों को पहिन कर आनन्द उठाया है ॥ २ ॥

ऐ परदे में रहने वाली स्त्री! तुमने मेरे जैसे मुसाफिर के चित्त को भी मोह लिया है ॥ ३ ॥

तुमने पान बेचने वाले की दूकान पर बैठ कर खूब पान खाया है और उसका स्वाद चखा है ॥ ४ ॥

तुमने धनी साहुकार की दूकान पर बैठ कर उसके साथ उपभोग कर बड़ा ही आनन्द उठाया है ॥ ५ ॥

ऐ परदे में रहने वाली स्त्री! तुमने मुझ राह चलते मुसाफिर के चित्त को मोह लिया है ॥ ६ ॥

सन्दर्भ—किसी स्त्री का अपने पति से निवेदन

(१६२)

मैं अलबेली खड़ी हो अकेली; हलुवइया गलिन में जी। टेक०

हमको खिला दो जरा पूड़ी मिठाई; मन राखो गलिन में जी ॥१॥
मैं अलबेली०

हमको पिला दो जरा गड़ुवा के पानी; मन राखो गलिन में जी।

हमको सुलादो जरा फूल की सेजिया; मन राखो गलिन में जी ॥२॥
मैं अलबेली०

---

[1]साहुकार (सेठ)। [2]मुनिया-पक्षी (स्त्री)। [3]परदा।

हमको चभा दो जरा पान के बीरा, मन राखो गलिन में जी।
मैं अलबेली खड़ी हो अकेली, हलुवइया गलिन में जी ॥३॥

कोई स्त्री कह रही है कि मैं अकेली हलुवाई की गली में खड़ी हूँ। वह कहती है कि मुझे पूड़ी और मिठाई खिला दो और मेरा मन रक्खो ॥ १ ॥

वह फिर कहती है कि मुझे पानी पिला दो, फूल की सेज पर मुझे सुला दो तथा मुझे पान का बीड़ा खाने के लिये दो और इस प्रकार मेरे मन को रक्खो ॥ २ । ३ ॥

सन्दर्भ—किसी राही का कुलटा स्त्री के यौवन का वर्णन

(१६३)

जेलखाना में ठाढ़[१] गोरी का करेलू। टेक
आरे चलत मुसाफिर के जान मारेलू ॥१॥ जेलखाना०
आरे छोटे छोटे जोबना[२] उतान[३] चलेलू ॥२॥ जेलखाना०
आरे भुवर भुवर[४] अँखिया नजर मारेलू[५] ॥३॥
जेलखाना में ठाढ़ गोरी का करेलू ॥

जेलखाना अर्थात्, घर के परदे में रहने वाली ऐ स्त्री। तुम यह क्या करती हो ॥

तुम चलते हुए मुसाफिरों को मोहित करके उनके प्राण को हर लेती हो ॥ १ ॥

तुम अपने छोटे-छोटे स्तनों को आगे निकाल करके चलती हो ॥ २ ॥

तुम अपनी सुन्दर आँखों के द्वारा कटाक्ष चला कर लोगों को घायल करती हो। इस प्रकार परदे में रह कर भी तुम बड़ा अनर्थ कर रही हो ॥ ३ ॥

घर को जेलखाना कहना कितना व्यङ्ग्य पूर्ण है।

---

[१]खड़ी। [२]स्तन। [३]निकाल कर। [४]सुन्दर आँखें। [५]मारती हो ॥

सन्दर्भ—सौत को लेकर परदेश से आये हुए पति को देख, स्त्री की आत्महत्या का प्रयत्न

(१६४)

जब हम रहितीं जी वारी[१] लिड़िकिया; ए राजा, ए राजा, ए राजा हो।
सँइया माँगे गवनवा ॥१॥
बरहो[२] बरिस पर हरि[३] मोर अइलें; ले अइलें, ले अइलें, ले अइलें हो।
हमरे पर सवतिया[४] ले अइलें हो ॥२॥
सवतीहि लेइ सामि[५] सुतले अँगनवा; ना माने,[६] ना माने, ना माने हो।
गुलजारी[७] नयनवा ना माने हो ॥३॥
देहू ना सासू हो छुड़िया[८] कतरिया[९]; हति घलबों[१०], हति घलबों, हति घलबों हो।
सासु आपन परानवाँ[११] हति घलबों हो ॥४॥
काहे के हतबे[१२] बहुआ[१३] आपन परानवाँ; तोरे सामी, तोरे सामी, तोरे सामी हो।
बहुआ बाड़ें[१४] निमनका[१५] तोरे सामी हो ॥५॥

कोई स्त्री कह रही है कि जब मैं छोटी लड़की थी उसी समय मेरा पति गवना कराने के लिए कहने लगा ॥ १ ॥

जब गवना करा कर वह मुझे घर लाया तब वह स्वयं परदेश चला गया। बारह वर्ष के बाद वह परदेश से लौटकर आया और अपने साथ हमारी सौत लेता आया ॥ २ ॥

मेरी सौत को लेकर मेरा निर्लज्ज पति आँगन में सो गया। वह सुन्दर आँख वाला पति कितना मना करने पर भी नहीं माना ॥ ३ ॥

तब दुःखी होकर अपने पति के कुकर्मों से पीड़ित होकर वह स्त्री अपनी

---

[१]छोटी। [२]बारह। [३]पति। [४]सौत। [५]पति। [६]नहीं मानता है। [७]सुन्दर। [८]चाकू। [९]कटार। [१०]मार डालूँगी। [११]प्राण। [१२]मारोगी। [१३]वधू। [१४]है। [१५]अच्छा, योग्य।

सास से कह रही है कि ऐ सास ! मुझे चाकू और कटार दो । मैं अपने प्राणों को आज अपने हाथों ही नष्ट कर दूँगी ॥ ४ ॥

इस पर सास उसे समझाती हुई कहती है कि ऐ वधू ! तुम अपने प्राणों को क्यों नष्ट कर रही हो ? तुम्हारा पति बड़ा ही योग्य तथा अच्छा आदमी है ॥ ५ ॥

इस गीत में अपने पति के बुरे चरित्र से लज्जित तथा पीड़ित होने वाली एक स्त्री की मानसिक वेदना की झाँकी हमें मिलती है, जिससे प्रेरित होकर वह स्त्री आत्महत्या करने पर उतारू हो जाती है। पति की निर्लज्जता का सुन्दर चित्रण हुआ है ।

सन्दर्भ—सौत को लेकर परदेश से लौटे हुए पति को स्त्री का उपालम्भ

(१६५)

मैं तो तोरे गले को हार राजावा, काहे को लायो सवतिया । टेक
जाहु हम रहितीं बाँझ बँझिनिया[1]; तब आइति[2] सवतिनिया ।
राजावा हमरो दो दो है लाल[3]; काहे को लायो सवतिया ॥१॥
जब हम रहितीं लँगड़ लूझी[4]; तब आइति सवतिनिया ।
राजावा हमरो सोटा[5] अइसन देह; काहे को लायो सवतिया ॥२॥
जब हम रहितीं काली कोइलिया[6]; तब आइति सवतिनिया ।
राजावा हमरो लाले लाले गाल; काहे[7] को लायो सवतिया ॥३॥
मैं तो तोरे गले को हार राजावा[8], काहे को लायो सवतिया ।

कोई दुश्चरित्र पुरुष परदेश से एक स्त्री को ब्याह लाया है । इस पर उसकी पहली स्त्री दुःखी होकर कहती है कि ऐ पति ! मैं तो तेरे गले का हार थी अर्थात् तुम मुझको बहुत प्यार करते थे, तब तुम इस सौत को क्यों लाये ।

यदि मैं बन्ध्या होती अर्थात् मेरे बाल-बच्चे पैदा न होते तो तुम

---

[1]बन्ध्या । [2]आती । [3]पुत्र । [4]लुञ्ज । [5]लाठी । [6]कोयल । [7]किसलिये । [8]पति ।

सन्तानोत्पत्ति के लिये सौत को ला सकते थे। परन्तु ऐ पति! मेरे एक नहीं दो-दो सुन्दर पुत्र हैं। ऐसी दशा में तुम इस सौत को क्यों लाये ॥ १ ॥

यदि मैं लुञ्ज-पुञ्ज होती और गृहकार्य करने में असमर्थ होती तो तुम सौत ला सकते थे। परन्तु मेरा शरीर तो लाठी के समान सुडौल और मजबूत है फिर तुम सौत क्यों लाये? ॥ २ ॥

यदि मैं कोयल के समान काली-कलूटी होती तो तुम सौत को ला सकते थे। परन्तु ऐ पति! मेरे तो गाल लाल-लाल हैं अर्थात् मैं अत्यन्त सुन्दर हूँ। ऐसी दशा में मेरी सौत को तुम किसलिये लाये? ॥ ३ ॥

इस गीत में कितनी करुणा भरी हुई है। एक हिन्दू स्त्री की आत्मा करुण क्रन्दन कर रही है। इस गीत में उस दुखिया स्त्री का मार्मिक चित्रण किया है जिसका पति उसके जीते रहते ही एक सौत को घर में ला बैठाता है। ऐसी घटनायें आजकल साधारण हो गई हैं।

सन्दर्भ—बंगालिन के द्वारा मोह लिये जाने के कारण पति को परदेश न जाने का स्त्री का आग्रह

(१६६)

कलकत्ता तू जनि जा राजा, हमार दिल कइसे लागी। टेक

ओहि कलकत्ता हलुवाइनि बिटिया; बरफी खिलावे दिन राती ॥१॥
हमारा दिल कइसे०

ओहि कलकत्ता पनेहेरिन बिटिया, बीरा चभावे दिन राती।
हमार दिल कइसे० ॥२॥

ओहि कलकत्ता बंगालिन बिटिया, जादो चलावे दिन राती।
हमार दिल कइसे लागी ॥३॥

कोई स्त्री अपने पति से कह रही है कि ऐ पति! तुम कलकत्ता मत जाओ क्योंकि तुम्हारे बिना मेरा दिल नहीं लगेगा।

उस कलकत्ता में हलुवाई की लड़कियाँ रहती हैं जो रात-दिन मिठाई खिलाकर लोगों का मन मोह लेती हैं ॥ १ ॥

उस कलकत्ते में पान बेचनेवाली की लड़कियाँ रहती हैं जो पान खिला कर लोगों को अपने वश में कर लेती हैं ॥ २ ॥

उस कलकत्ते में बंगालिनि की लड़कियाँ रहती हैं जो जादू करके लोगों के मन को वशीभूत कर लेती हैं। अतएव ऐ पति! तुम कलकत्ते मत जाओ नहीं तो वे तुमको भी अपने वश में कर लेंगी ॥ ३ ॥

सन्दर्भ—कामुक पति का नायिका के रूप का वर्णन

(१९७)

गोरी पिछुआरा को जाना छोड़ि द। टेक

तोर बार[1] जइसे काली नगिनिया[2]; गोरी अतरे[3] को लगाना छोड़ि द।
गोरी के आँख जइसे आम के फारी[4] गोरी सुरमा के लगाना छोड़ि द॥१॥
गोरी पिछुआरा०
गोरी के दाँत जइसे[5] अनार के दाना; गोरि मिसिया[6] के लगाना छोड़ि द॥२
गोरी पिछुआरा[7] के जाना छोड़ि द।

कोई पुरुष अपनी स्त्री से कह रहा है कि तुम गाँव में इधर उधर जाना छोड़ दो। ऐ स्त्री! तुम्हारे बाल काली साँपिन के समान हैं, उनमें इत्र का लगाना छोड़ दो। तुम्हारी आँखें आम के टुकड़े के समान हैं अतः उनमें सुरमे का लगाना छोड़ दो॥ १ ॥

ऐ स्त्री! तुम्हारे दाँत अनार के दाने के समान सुन्दर हैं। उनमें मिस्सी (काला पाउडर) का लगाना छोड़ दो। नहीं तो लोग तुम्हारी सुन्दरता पर मुग्ध हो जायँगे ॥ २ ॥

सन्दर्भ—पति-संभोग से सुखी स्त्री का अपने मायके न जाना

(१९८)

अब ना जाइबि नइहरवा जान। टेक

मथवा बन्हवलों, मँगिया टिकवलों; चढ़ि गइले राजा अटरिया जान।

---

[1]केश। [2]नागिन। [3]इत्र। [4]टुकड़ा। [5]जिस प्रकार। [6]मिस्सी। [7]मकान का पीछे का भाग।

आ गइल डोली, आ गइल कँहरवा; आ गइलें भइया हजरिया जान ॥१॥
अब ना जाइबि०

दिनवा में मोर पिया चीनिया गलावे; रतिया बनावे लड्डुइया जान ॥२॥
खूब माजा देले अटरिया जान; अब ना जाइवि नइहरवा जान ॥२॥
अब ना जाइबि०

दिनवा में मोर पिया रुइया धुनावे; रतिया भरावे रजइया जान।
तनियेक घिच घाच हमको ओढ़ावे; खूब मजा देला रजइया जान ॥२॥
अब ना जाइवि नइहरवा जान।

कोई स्त्री कह रही है कि अब मैं अपने मायके नहीं जाऊँगी। मैंने अपना बाल बँधाया, अपनी माँग में सिन्दूर भर लिया। मेरा पति मुझे लेकर महल में चला गया। इतने में मेरा भाई कहार और पालकी लेकर चला आया। परन्तु अब मैं अपने मायके नहीं जाऊँगी॥ १ ॥

दिन में मेरा पति चीनी तैयार करता है और रात में लड्डू बनाता है। उस पति के साथ अटारी पर मुझे बड़ा आनन्द आता है अतः मैं मायके नहीं जाऊँगी॥ २ ॥

दिन में मेरा पति रुई धुनवाता है और रात में वह अपनी रजाई (लिहाफ) को रुई से भरवाता है। वह उस रजाई को थोड़ा मुझे भी ओढ़ने को देता है। उसकी रजाई में साथ सोने पर मुझे बड़ा आनन्द आता है। अतः अब मैं अपने मायके नहीं जाऊँगी॥ ३ ॥

सन्दर्भ—पत्नी के मना करने पर भी पति का परदेश जाना।

(१६६)

सोने के थाली में जेवना[1] परोसलों[2]; जेवना ना जेवें अलबेला[3]।
बलमु[4] कलकत्ता निकल गयो जी ॥१॥

झाँझर गड़ुवा[5] गंगाजल पानी, पनिया ना पिये अलबेला।
बलमु कलकत्ता० ॥२॥

---

[1]भोजन। [2]परोसा गया। [3]सुन्दर पति। [4]पति। [5]लोटा।

फूलवा चुनि चुनि सेजिया डसवलों, सेजिया ना सोवे अलबेला।
लागल जोबनवा के धाका[1], बलमु कलकत्ता निकल गयो जी ॥३॥

अर्थ स्पष्ट है। पति के परदेश जाने का वर्णन है।

सन्दर्भ—नौकरी न छोड़ने के लिये माता, पिता का अपने पुत्र को पत्र लिखना

(२००)

पहिले ही चिट्ठी चाचा भेजायो, बबुआ[2] नोकरि[3] जनि छोड़।
रुपया बड़ा ही चीज ॥ १ ॥
दूसरी ही चिट्ठी चाची भेजायो; बचवा नोकरि जनि छोड़।
तीसरी ही चिट्ठी आमा भेजायो; बबुआ नोकरि जनि छोड़ ॥ २ ॥
रुपया बड़ा ही चीज ॥
चौथी ही चिट्ठी पिता भेजायो, बबुआ नोकरि जनि छोड़।
रुपया बड़ा ही चीज ॥ ३ ॥
पाँचवा ही चिट्ठी धनिया भेजायो; सइयाँ नोकरि तुम छोड़।
रुपया है कुछ ना चीज ॥ ४ ॥
धनिया[4] के चिट्ठी सुनि सँइया जी अइले, सबके मन को तोड़।
रुपया है कुछ ना चीज ॥ ५ ॥

कोई पति परदेश में जाकर नौकरी कर रहा था। संभवतः उसके नौकरी छोड़ने की इच्छा को जान कर उसके चाचा और चाची ने यह लिखा कि ऐ बेटा! नौकरी मत छोड़ना क्योंकि रुपया बहुत बड़ी आवश्यक वस्तु है ॥१।२॥

जब उसके ऊपर कुछ असर न हुआ तब उसके माता और पिता ने इसी बात को फिर लिख भेजा कि रुपया बहुत जरूरी चीज़ है अतः नौकरी मत छोड़ो ॥ ३ ॥

पाँचवी चिट्ठी उसकी स्त्री ने भेजा जिसमें यह लिखा था कि आप नौकरी छोड़ घर चले आइये। रुपया कुछ भी चीज़ नहीं है ॥ ४ ॥

---

[1]धक्का। [2]बेटा, बच्चा। [3]नौकरी। [4]स्त्री।

यह पत्र पढ़ते ही वह पति अपनी स्त्री के अनुरोध से अपने माता, पिता की आशाओं पर पानी फेरता हुआ और उनके मन को तोड़ता हुआ घर आ पहुँचा ॥ ५ ॥

इस गीत में पति का उत्कट पत्नी-प्रेम दिखलाया गया है। जो असर उसके माँ, बाप के पत्र न कर सके पत्नी का पत्र उसके विपरीत असर कर दिखलाता है। परन्तु यह कार्य माता, पिता की आज्ञा के विरुद्ध है अतः आदरणीय नहीं कहा जा सकता। फिर भी इस पति का प्रेम उत्कट अवश्य है।

सन्दर्भ—पत्नी का पति से प्रेम होना

(२०१)

पहिली इयारी[1] रसोइया में लागे, हमें चौखट को चोट लागे।
हमें न इयरिया नीक[2] लगे ॥ १ ॥
दूसरे इयारी बेलनवा पर लागे; हमें बेलनन को चोट लागे,
हमें न इयरिया० ॥ २ ॥
तीसरी इयारी सेजरिया पर लागे; हमें फुलनन[3] को चोट लगे
हमें न इयरिया० ॥ ३ ॥

कोई स्त्री कहती है कि पति के साथ प्रथम मित्रता रसोई घर में भोजन कराते समय होती है परन्तु वहाँ की मित्रता चौखट से चोट लग जाने के कारण मुझे अच्छी नहीं लगती ॥ १ ॥

दूसरी मित्रता रोटी बनाते समय बेलना पर होती है परन्तु बेलना से चोट लग जाने से मुझे वहाँ की मित्रता भी अच्छी नहीं लगती ॥ २ ॥

तीसरी मित्रता पति से सेज के ऊपर होती है। परन्तु उस पर फूल बिछे होने के कारण मुझे चोट लगती है। अतः मुझे सेज पर की मित्रता भी पसन्द नहीं है ॥ ३ ॥

इस गीत में मित्रता के क्रम में व्यतिक्रम दिखाई पड़ता है। मेरी समझ में तीसरी मित्रता सर्वप्रथम होती है।

---

[1] मित्रता। [2] अच्छा। [3] फूलों का।

सन्दर्भ—रुष्ट पति का अन्न जल न ग्रहण करना

(२०२)

सोने के थारी में जेवना परोसलों, जेवना ना जेवें मोर।
पपिहरा काहे मचायो सोर ॥ १ ॥
आमावा में डाड़ी कोइलिया बोले; बानावा में बोले मोर।
पपिहरा काहे मचायो सोर ॥ २ ॥
झंझर गड़ुवा गंगाजल पानी, पियवा ना पीये मोर।
पपिहरा काहे मचायो सोर ॥ ३ ॥

कोई स्त्री कहती है कि सोने की थाली में मैंने भोजन परोसा परन्तु मेरा पति उसे नहीं खाता है ॥ १ ॥

आम के बन में कोयल बोल रही है और बन में मोर बोल रहा है। ऐ पपीहा ! तुमने क्यों शोर मचा रक्खा है ॥ २ ॥

लोटे में गंगाजल भरा पड़ा है परन्तु मेरा पति उसे नहीं पीता है। ऐ पपीहा ! तुमने इतना शोर क्यों मचाया है—क्यों इतने ज़ोर से बोल रहे हो ॥३॥

सन्दर्भ—बधू की अँगूठी का गिरना और सास, ससुर के द्वारा उसे खोजना

(२०३)

कलकत्ता बाज़ार में मोरे अँगुठी गीरे रे। टेक—
सासु मोरे खोजे[1], ननद मोरे खोजे; सइयाँ खोजे रे।
मसाल[2] दिया बारी बारी सइयाँ खोजे रे ॥ १ ॥
सासु मोरा पीसे, ननद मोरे पीसे, सँइया पीसे रे।
बहियाँ गले डाल डाल, सइयाँ पीसे रे ॥ २ ॥
सासु मोरा मारे, ननद मोरा मारे, सइयाँ मारे रे।
बबूर[3] डण्टा[4] तानि[5] तानि, सइयाँ मारे रे ॥ ३ ॥

---

[1]खोजना। [2]मशाल। [3]बबूल का वृक्ष। [4]डण्डा। [5]उठाकर।

कलकत्ता बाज़ार में मोरे अँगुठी गीरे[1] रे।
सासु मोरा रोवे, ननद मोरा रोवे, सइयाँ रोवे रे।
रुमाल मुख डाल डाल, सइयाँ रे ॥ ४ ॥

कोई स्त्री कहती है कि कलकत्ता शहर के बाज़ार में मेरी अँगूठी खो गई। उस अगूँठी को मेरी सास और ननद खोजने लगीं और मेरा पति भी मसाल और दीपक जलाकर उसे खोजने लगा ॥ १ ॥

मेरी सास आटा पीसती है, ननद भी पीसती है और मेरा पति भी मेरे गले में हाथ डालकर मेरे साथ आटा पीसता है ॥ २ ॥

अगूँठी को खो देने के कारण मेरी सास मुझे मारती है, ननद भी मारती है और मेरा निर्दयी पति भी बबूल वृक्ष के डण्डे को तानकर मुझे पीटता है ॥३॥

कलकत्ते में अगूँठी के गिर जाने के दुःख से दुःखी होकर मेरी सास तथा ननद रोती हैं और मेरा पति भी मुख में रुमाल देकर (जिससे अधिक आवाज़ न निकले) खूब रोता है ॥ ४ ॥

इस गीत में पति के प्रेम तथा निर्दयता—दोनों—का वर्णन किया गया है। एक छोटे से अपराध के कारण उसे इतनी यातना देना कहाँ तक उचित है? ऐसी घटनायें साधारण होने के कारण यह वर्णन अत्यन्त स्वाभाविक प्रतीत होता है।

सन्दर्भ—किसी कुलटा का कामुक पति से निवेदन

(२०४)

अब तुम ए यार सहर को जाना; दोना के बरफी ले आना।
ताखे[2] ऊपर रख जाना ए यार तुम; हमरी गली होके जाना ॥ १ ॥
जाहु जाहु ए यार बाग को जाना; फुलवा के गजला[3] ले आना।
खूँटिन ऊपर रख जाना ए यार तुम; हमरी गली होके जाना ॥ २ ॥
जाहु जाहु ए यार सहर को जाना; आरे सुन्दर सेज[4] ले आना।
पलँग ऊपर रख जाना ए यार तुम; हमरी गली होके जाना ॥ ३ ॥

---

[1]गिर गई। [2]दियरखा (आखा)। [3]माला। [4]बिछौना।

जाहु मोरा ए यार आवे जड़इया[1]; आरे कासी के बैदा[2] बोलाना।
नटिक[3] हमारो धरवाना ए यार तुम; हमरी गली होके जाना ॥ ४ ॥
जाहु हम ए यार मरि हरि[4] जइबों; आरे हड्डी के चूना बनवाना।
बाकस[5] के भीतर रख जाना ए यार तुम, हमरी गली होके जाना ॥५॥

कोई स्त्री अपने पति से कह रही है कि ऐ यार जब तुम शहर को जाना तब दोना में मेरे खाने के लिये बरफी लेते आना। उसे लाकर ताखा पर रख देना और हमारी गली में होकर जरूर जाना ॥ १ ॥

ऐ पति ! जब तुम बगीचे में जाना तब मेरे लिये एक सुन्दर माला लेते आना और उसे ले आकर मेरे घर की खूँटी पर टाँग देना ॥ २ ॥

ऐ पति ! जब तुम शहर को जाना तब मेरे लिये सुन्दर बिछौना लाना और उसे लाकर मेरे पलंग पर रख जाना तथा मेरी गली में जरूर आना ॥३॥

जब मुझे जूड़ी, बुखार आवे तब तुम काशी से वैद्य बुलाना और मेरी नाड़ी को उसे जरूर दिखलाना ॥ ४ ॥

ऐ पति ! जब मैं मर जाऊँगी, तब मेरी हड्डी से बने हुए चूने को सुन्दर बाक्स के भीतर रख देना और मेरी गली में सदैव आते जाते रहना ॥ ५ ॥

इस गीत में स्त्री की मनोभिलाषा का क्या ही सुन्दर चित्रण किया गया है। मरने पर भी वह यही चाहती है कि उसका पति उसे सदा स्मरण किया करे। प्रेम की सचमुच यह उत्कट सीमा है।

सन्दर्भ—पति-पत्नी का रति-वर्णन

(२०५)

काहाँ से घाटा उमड़इले, काहाँ जल बरिसे हो।
धीरे धीरे कहाँ जल बरिसे हो ॥ १ ॥
पूरब से घाटा उमड़इले, पछिम जल बरिसे हो।
धीरे धीरे पछिम जल बरिसे हो ॥ २ ॥

---

[1]जूड़ी। [2]वैद्य। [3]नाड़ी। [4]नष्ट हो जाना। [5]ट्रंक।

खोल पिया सोबरन[1] केवड़िया[2], अकेला डर लागे हो।
धीरे धीरे अकेला डर लागे हो ॥ ३ ॥
